Хабзэр убзэркъым

2-нэ нап.

Дэ Iуэху хэхам и хъыбархэр зэхуэхьэсауэ

3-нэ нап.

Таурыхъым ухэзышэ макъ

4-нэ нап.

Дыгъэм и нуррэ хуабагъэкIэ гъэнщIат

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№145 (24.739) ● 2024 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 3, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм къызэратамкIэ

Узыншагъэм кIэлъыплъыныр нэхъапэщ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ дыгъэгъазэм и 2-м Мэзкуу щекIуэкIа «Къэралыр узыншагъэм зэрыкIэлъыплъыр: нобэрэ пщэдейрэ» зыфIаща семинарым. Ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Голиковэ Татьянэ.

ЗЭIУЩIЭМ щытепсэлъыхьащ «Узыншагъэм кIэлъыплъын», «Демографие» лъэпкъ проектхэр гъэзэщIа зэрыхъум, гъащIэм и кIыхьагъыр хэхъуэн зэрыхуеймрэ цIыхухэр я узыншагъэм кIэлъыплъыным зэрытегъэгушхуапхъэ Iэмалхэмрэ.

Нобэрей IуэхукIэ ди къэралым ис цIыхухэр ику иту илъэс 61,4-кIэ мэпсэу. Президентым плъапIэу игъэуващ 2030 гъэ пщIондэ а бжыгъэр 78-м нагъэсыну.

2023 гъэм тещIыхьауэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым цIыхухэр зэрыпсэу илъэс бжыгъэр 77,1-м нос.

Дызэрыт илъэсым лъэпкъ проектхэм республикэм щыхуаутIыпщащ сом мелуан 611-м щIигъу. Гулъытэ нэхъыщхьэ хуащI диспансеризацэм, дохутыр кIэлъыплъыныгъэм, IэщIагъэлIхэр гъэхьэзырыным, IуэхущIапIэхэр зэманым декIу IэмэпсымэхэкIэ къызэгъэпэщыным, медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэм зегъэужьыным, «узыхъумэ» Iэмэпсымэхэр къэгъэсэбэпын щIадзэным.

Республикэ клиникэ сымаджэщым лъынтхуэхэм щеIэзэ и къудамэм - ангиограф, Лыыш диспансерым - маммограф къыхуащэхуащ. ЦIыхухэм япэу зызыхуагъазэ медицинэ IуэхущIапIэхэм иратащ машинэ 20, сом мелуан 63-м щIигъу зи уасэ Iэмэпсымэхэр къыхуащэхуащ. Звезднэ жылагъуэм амбулаторэщIэ къыщызэIуахащ, поликлиники 10 зыхуей хуагъэзащ. Земскэ программэмкIэ дохутыр 22-рэ фельдшери 4-рэ мэлажьэ. УнэтIыныгъэ щхьэхуэм хурагъэджауэ, IэнатIэм пэрыуващ дохутыр 31-рэ, илъэсыр имыух щIыкIэ абыхэм иджыри 16 къахэхъуэнущ.

«Демографие» лъэпкъ проектым ипкъ иткIэ кIэлъоплъ зи ныбжь хэкIуэтахэм я узыншагъэм, бын ягъуэтын папщIэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэ унагъуэхэм зыщIагъакъуэ. ЭКО IэмалымкIэ апхуэдэ унагъуэхэм сабий 90 къахэхъуащ.

«А псори зэфIэдгъэкIам и Iыхьэ мащIэу аращ. ЕтIанэгъэ ди Президентым къыхилъхьа «ГъащIэ кIыхь», «Узыншагъэр зэрыхъумапхъэ IэмалыщIэхэр» лъэпкъ проектхэм дыхыхьэнущ. Абыхэм къызэщIаубыдэ цIыхубэм и гъащIэмрэ и узыншагъэмрэ хъума хъуным хуэунэтIа Iэмал псори, ди республикэр проектыщIэхэм жыджэру хэтынущ», - иритхащ КIуэкIуэ Казбек и телеграм-каналым.

ЩIалэгъуалэм - гулъытэ хэха

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ КъБР-м щIалэгъуалэм я Iуэхухэмкiэ и министр Лу Азэмэт. КъулыкъущIэхэр тепсэлъыхьащ «ЩIалэгъуалэмрэ сабийхэмрэ» лъэпкъ проектыщIэм ди республикэр зэрыхэтынум.

IЭТАЩХЬЭМ иIащ иджыпсту екIуэкI лэжьыгъэм пыщэн зэрыхуейр, щIалэгъуалэм я зэхуэсыпIэхэр, зыгъэсапIэхэр ухуэным, абыхэм ядэлэжьэнухэр къегъэблэгъэным гулъытэ зэрыхуэщIыпхъэр. Абы къищынэмыщIауэ, щIалэгъуалэм я зэфIэкI, къэухь щыхагъахъуэ зэIущIэхэр къызэгъэпэщын зэрыхуейм и гугъу ищIащ КIуэкIуэм. Iэтащхьэм къыхигъэщащ ныбжьыщIэхэм зэрадэлэжьэнум теухуауэ Iуэху гъэбелджылахэр зэрыщыIэр, щIалэгъуалэм ядэлэжьэфыну цIыхухэр абы къызэрыхашэнур, центр щхьэхуэхэр зэраухуэнур.

Министрым зэрыжиIамкIэ, етIанэгъэ иджыри щIыналъитIым щIалэгъуалэ центрхэр къыщызэIуахынущ, «IуащхьэмахуэI» щIалэгъуалэ лагерыр ди республикэм щызэхашэнущ. Абы дэз-хэкупсэ гъэсэныгъэр щекIуэкIынущ, Пашэхэм я зэщIэхъееныгъэм хэтхэми я зыгъэпсэхупIэу щытынущ ар.

ЩIалэгъуалэ гъэсэныгъэ, егъэджэныгъэ Iуэхум цIыху 400 къызэщIиубыдэну хуагъэфащэ.

ЛъэIу зиIэхэм щахуэзэ махуэхэр

«Урысей зэкъуэт» партыр къызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 23-рэ зэрырикъум ирихьэлIэу, дыгъэгъазэм и 1 - 10-хэм партым и къудамэм и унафэщIхэу щIыналъэм щыIэм, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Советым хэтхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ, КъБР-м и Парламентымрэ щIыпIэ самоуправленэмкIэ къулыкъущIапIэхэмрэ я щхьэ IуэхукIэ къекIуалIэ цIыхухэм зыхуагъазэ.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 2-м КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ я щхьэ IуэхукIэ зыкъыхуэзыгъэза цIыхухэм епсэлъащ.

Хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщIым деж къэкIуащ республикэм и щIыпIэ куэдым къикIахэр: Шэджэм, Бахъсэн, Прохладнэ районхэм, Налшык къалэ щыщхэр. ЦIыхухэр щIэупщIэрт сабий зеиншэхэмрэ дзэ Iуэху хэхам хэтхэмрэ псэупIэ зэрыратыну щIыкIэм, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм щIы Iыхьэ хухахыу унэ ящIынымкIэ зэрадэIэпыкъунум, «Унагъуэщiэ» программэмкIэ зи унэхэр нэхъ ин зыщIыну хуейхэм хуащIэфынум. ЗэIущIахэр тепсэлъыхьащ узыншагъэм кIэлъыплъыным, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, цIыхубэр зыхуэныкъуэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэхуэхэм, пщIэншэу юристхэм я Iуэхутхьэбзэ зэраIэрыхьэну щIыкIэм, нэгъуэщIхэми.

«ЦIыхухэр егъэблэгъэныр ди лэжьыгъэм и зы Iыхьэщ, ар депутатым и къалэн нэхъыщхьэущ къызэрытлъытэр. Сыту жыпIэмэ, я щхьэ IуэхукIэ къытхуэкIуэхэм захуэдгъэзэныр цIыхубэм я пащхьэм щытхь жэуаплыныгъэщ. Дэ къыдгуроIуэ абы ди пщэм къыдилъхьэ къалэным и инагъыр икIи дэтхэнэ зы лъэпощхьэпоми хэкIыпIэ къызэрыхуэдгъуэтыным иужь дитщ. Iэмалыншэ щыхъум деж дэ щIыналъэм, къалэхэм, къэралым и IуэхущIапIэхэм защыхуэдгъазэ къохъу, цIыхухэр зыщIэлъэIур яхуэтщIэн папщIэ.

Нобэ я щхьэ IуэхукIэ къэкIуахэм я гугъу тщIымэ, узэгупсысыпхъэ куэд щыIэщ, республикэм дызэрыт зэманым псэукIэр щефIэкIуэн папщIэ лэжьыгъэшхуэ зэрыщызэфIагъэкIым, сабий куэд зэрыс унагъуэхэм зэрызыщIагъакъуэм щхьэкIи къэмынэу. Гу лъыботэ къалэми республикэми я теплъэм фIы и лъэныкъуэкIэ зэрызихъуэжми. ИтIани, цIыху щхьэхуэхэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм, узыншагъэм, сымаджэхэм еIэзэным епха гукъеуэхэр яIэщ», - жиIащ Егоровэ Татьянэ.

ЗэIущIэхэр екIуэкIыху, хабзэр я тегъэщIапIэу, дэтхэнэ зы лъэIуми жэуап пыухыкIа игъуэтащ. ЯзыныкъуэлъэIухэр асыхьэтым зэфIагъэкIащ, адрейхэр щхьэж зыхуэгъэза IуэхущIапIэхэм ирагъэхьащ. Зэрызыкъыхуагъэза дэтхэнэ Iуэхугъуэри Парламентым и УнафэщIым езым и нэIэ щIэту зэфIигъэкIынущ.

ЗэфIагъэкIахэми къапэщытхэми тепсэлъыхьащ

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ Шэрэдж район администрацэм и Iэтащхьэ Кульбаев Алан. Ахэр тепсэлъыхьащ мы илъэсым щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдам, лъэпкъ, федеральнэ проектхэмрэ программэхэмрэ зэрагъэзащIэм, къэкIуэнум зэфIагъэкIыну къалэнхэри яубзыхуащ.

АПХУЭДЭУ къыхагъэщащ дызытехьэ илъэсым жылагъуэр тэмэму псыкIэ къызэгъэпэщыным теухуауэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм къызэрыпащэнур - «Къарэсу - Бабугент - Къэщкъэтау» псы хъумапIэщIэ ухуэнымкIэ проектыр гъэзэщIэн щIадзэнущ. Абы и проектыр зэхагъэуващ, «Къуажэхэм сыт и лъэныкъуэкIи зегъэужьын» программэм хагъэхьэну.

2023 гъэм а программэмкIэ километри 10-кIэ псыр бжьамийкIэ зэрызэбграш «Сатушир - Аушыджэр» псы къыщIэшыпIэр яухуащ. Аушыджэр къуажэм щыпсэу цIыху мини 5-м щIигъум псыр тэмэму яIэрыхьэ хъуащ.

Турист зекIуапIэ нэхъыщхьэхэм ящыщ зым - Гуэл щхъуантIэхэм - и щIыналъэр зэIузэпщ щIыным адэкIи къыпащэнущ.

КъищынэмыщIауэ, иджыблагъэ республикэм и Iэтащхьэр эфирым занщIэу кIуэуэ къыщыпсэлъам зэрызыхуагъэзам ипкъ иткIэ, Джэрпэджэж къуажэм дэт школым екIуалIэ гъуэгур зэгъэпэщыжынми хэкIыпIэхэр къыхуалъыхъуэнущ.

Къэщкъэтау и уэрам нэхъыщхьэхэр зыхуей хуэгъэзэным пащэнущ. Мы гъэм зэрагъэпэщыжащ Уянаевым и цIэр зезыхьэ уэрамыр. Абы къыхэкIыу стадионым екIуалIэ гъуэгум илъэсыщIэм елэжьынущ. А щIыпIэм щыIэщ курыт еджапIэр, спорт школыр, сабий садыр, нэгъуэщI социальнэ IуэхущIапIэхэр.

Хэхъуэ яIэу

КъБР-м Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ IущIащ Федеральнэ казначействэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщI IутIыж Шумахуэ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ щIыналъэ бюджетыр гъэзэщIэнымкIэ 2024 гъэм и мазипщIым кърикIуахэм.

ЩЭКIУЭГЪУЭМ и 1-м ирихьэлIэу бюджетым халъхьащ сом мелард 70,6-рэ. Ар нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм еплъытмэ, проценти 4,2-кIэ нэхъыбэщ. Процент 12,8-кIэ нэхъыбэ хъуащ щIыпIэ бюджетхэм я хэхъуэр.

Республикэм и щIыналъэхэм щагъэзэщIа лъэпкъ проектхэм сом мелардi 6-м нэс трагъэкIуэдащ. Ар мылъкур зыхухахам Iэрагъэхьэн хуеям и процент 88-рэ мэхъу. Нэгъабэ елъытауэ а бжыгъэм процент 12-м щIигъукIэ хэхъуащ.

Куэд зэхуэзышэса гъэлъэгъуэныгъэ

Ипщэ дзэ округым и зауэлIхэм дзэ Iуэху хэхам къахуигъэув къалэнхэр ягъэзащIэкIэрэ, НАТО-м хыхьэ къэралхэм щащIа Iэщэрэ зауэ Iэмэпсымэу Украинэм къыщытрахахэр утыку къыщрахьа гъэлъэгъуэныгъэм щыIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

ДЫГЪЭГЪАЗЭМ и 28-м Налшык къыщызэIуаха гъэлъэгъуэныгъэм хэтащ лъэсыдзэм къигъэсэбэп дзэ машинэхэу М2 «Брэдли» (США), «Мадер» (Германие), CV90 (Швецие), БМП-1У (Украинэ), шэ зыпхымыкI дзэ машинэхэу M113A4, Cougar MRAP (США), M113G3DK (Дание), FV 103 Spartan (Инджылыз), бронеавтомобилхэу Roshel (Канадэ), «Вартэ», «Козак-2М1», БТР-3Е1 и БТР-4Е (Украинэ), гъуэгуанэ кIыхь зэпычыным хуэщIа автомобиль HMMWV «Хамви» (США), украин танк Т-64БВ «Булат», къинэмыщI дзэ хуэIухуэщIэхэр.

ЩIыпIэ щхьэхуэ хухахат тIасхъэщIэх Iэмэпсымэхэм, цIыху зэрымыс кхъухьлъатэ-лагъымыдзхэм, бийм танкхэмрэ топышэмрэ зэрызыщихъумэ Iэмэпсымэхэм.

Бийм и дзэ техникэр къазэрыIэрыхьа щIыкIэм тепсэлъыхьыжащ дзэ Iуэху хэхам хэтхэр. Урысейм щыпсэухэр а щIыпIэм щекIуэкIым щыгъуазэ ящIын, зыпэщIэт лъэныкъуэр зэрыуззэда Iэщэхэр цIыхухэм ирагъэлъагъун папщIэ, пIалъэ хэхакIэ ахэр къалэхэмрэ районхэмрэ къэкIуэжат, дэтхэнэ зыми хъыбар щхьэхуэ игъэхьэзырауэ.

«Мы гъэлъэгъуэныгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрыщекIуэкIым сыщогуфIыкI. Абы дигу къегъэкIыж ди зауэлIхэр зэрыхахуэр, абыхэм лIыгъэшхуэ зэрахалъыр, псоми ди зэхуэдэ ТекIуэныгъэр нэхъ псынщIэу къэсын, ди къэралыр къахъумэн папщIэ, ахэр зыпхыкI гугъуехьым и инагъыр къыдгурагъаIуэ. Дзэ Iэмэпсымэ кхъуентхъыр урысей армэм узэрытемыкIуэным иджыри зэ и щыхьэту къоув. Хэкум и хъумакIуэхэм фIыщIэшхуэ яхузощI. ТекIуэныгъэр фи Iэпэгъуу фыкъэкIуэжыну дыфпоплъэ! Ар Урысейм ей зэрыхъунум шэч хэлъкъым!» - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, гъэлъэгъуэныгъэм щытепсэлъыхьым.

Гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуаха япэ махуэм абы мин бжыгъэкIэ екIуэлIащ къалэдэсхэмрэ республикэм щыхьэщIэхэмрэ. Кадетхэр, школакIуэхэр, студентхэр, IуэхущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм, къулыкъущIапIэхэм я лэжьакIуэхэр, цIыхубэ жыджэракIуэхэмрэ туристхэмрэ, дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ - цIыху куэд къызэщIиубыдащ хэкупсэ дауэдапщэм. Гъэлъэгъуэныгъэм екIуэлIахэм язщ Урысейм и ЛIыхъужь, Ипщэ дзэ округым и унафэщIхэм я лIыкIуэ Зубахин Иван.

«Хэкум и хъумакIуэхэм я зэфIэкIым догушхуэ» - аращ мы гъэлъэгъуэныгъэм фIащар КъБР-м щыпсэухэм.

Тхыдэр хъумэным и IуэхукIэ

Егъэджэныгъэмкiэ XXXIII дунейпсо дин-жылагъуэ зэхуэсым хыхьэу, Парламентым иригъэгъуэкI щIыналъэ зэхыхьэхэм щыпащащ КъБР-м и Лъэпкъ музейм. Мы гъэм зэIущIэхэр траухуащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщытхьрэ илъэс 80 зэрырикъунумрэ абы хэтахэм я фэеплъыр хъумэнымрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м и Парламентым и депутатхэр, къэрал, дин, жылагъуэ IуэхущIапIэхэм я лIыкIуэхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, лъыхъуакIуэ гупхэм хэтхэр.

КъБР-м и Лъэпкъ музейм щызэхуэсахэр тепсэлъыхьащ 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа зауэм и фэеплъыр хъумэным теухуауэ республикэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэм.

КъБР-м и Парламентым ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмкIэ, физическэ щэнхабзэмкIэ, спортымрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** жиIащ иджыблагъэ къагъэщIэрэщIэжа «ЛIыхъужьхэм я пэшым» зэрыщызэхуэсам мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Тхыдэр гъэщIэгъуэнщ, абы узыIэпешэ. Дызытепсэлъыхьыну Iуэхугъуэри абы щыщщ икIи зэрыщхьэпэм шэч хэлъкъым. Дэ ди блэкIар къыджезыIэжыфынухэм иджыри дапыщIащ - Хэку зауэшхуэм зи гуащIэ хэзылъхьа ди нэхъыжьыфIхэм, адэшхуэанэшхуэхэм, «зауэм и бынхэм». Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, зэманыр кIуэху, ахэри нэхъ мащIэ мэхъу. А зэпыщIэныгъэр зэпымыудын щхьэкIэ, абыхэм я фэеплъыр хъумэным делэжьын хуейщ. Нобэрей ди зэхуэсыр апхуэдэхэм ящыщщ. СощIэж, дэри школым дыщыкIуэм мыпхуэдэу музейхэм дашэу зэрыщытар, тхыдэм дыщагъэгъуазэу, - къыхигъэщащ Емузым.

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор** къыщыпсалъэм жиIащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэу къызэрилъытэр. «Егъэджэныгъэм кIэ XXXIII дунейпсо дин-жылагъуэ зэхуэсым хыхьэу, Парламентым иригъэгъуэкI щIыналъэ зэхыхьэхэр зэриубзыхуа щIыкIэр икъукIэ щхьэпэщ. Псалъэм папщIэ, зэIущIэм щIимыдзэ щIыкIэ, сэ мыбдеж, «ЛIыхъужьхэм я пэшым», зыщысплъыхьащи, Хэку зауэшхуэр зэрекIуэкIар къэзыгъэлъагъуэ дэфтэрхэм, сурэтхэм, хьэпшыпхэм аргуэру зэ срагъэгупсысащ цIыхубэм насыпыншагъэшхуэ я щхьэм кърикIуауэ зэрыщытам. ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэр мы пэшым ди нэгу къыщыщIоувэ. Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм халъхуа си анэм къыжраIэжауэ дызригъэдаIуэу щытахэр, ди адэшхуэм и хъыбархэр - мис апхуэдэ гукъэкIыж зимыIэ къэгъуэтыгъуейщи, ахэр зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым, щIэблэм ящIэу къэдгъэхъун хуейщ», - жиIащ министрым.

КъБР-м и Парламентым ЩэнхабзэмкIэ, жылагъуэм зегъэужьынымрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий** КъБР-м и Лъэпкъ музейм и унафэщI Накуэ Феликс фIыщIэ хуищIащ, зэIущIэр IуэхущIапIэм щрагъэкIуэкIыныр къазэрыдиIыгъам, тхыдэм мыхьэнэшхуэ зиIэ и лъэхъэнэ нэхъ гугъум, Хэку зауэшхуэм теухуам, «къыщыхута фIэкIа ямыщIэу» я нэгу къыщIагъэувэну апхуэдэ Iэмал зэрагъэуэтам папщIэ. Текуевыр тепсэлъыхьащ а илъэс гуащIэхэм и адэр тIэу уIэгъэ хъуауэ зэрыщытам. «Зы унагъуэ щыIэкъым 1941 - 1945 гъэхэм Хэку зауэшхуэр зыжьэхэмыуа. ЗэрытщIэщи, ди къэралым и цIыхуу мелуан 26-м щIигъу хэкIуэдащ абы. А зэманым ди хэкуэгъухэм къалъыкъуэкIа лIыгъэр псалъэкIэ къыпхуэмыIуэтэжынщ. Ауэ сыт щыгъуи ди цIыхубэр зэкъуэту, Хэкум хуэпэжу къэгъуэгурыкIуащи, абыхэм я щапхъэрщ нобэрей щIэблэр зыщIэтпIыкIын хуейр. Лъабжьэ зыщIым къэкIуэн зэриIэнум ещхьу, блэкIар зыщыдмыгъэгъупщэу ипэкIэ дыкIуэтэн хуейщ. Зэман гугъущ дызыхэтыр икIи тхыдэр сыт хуэдэу «ткIыбжьу» щымытами, нэхъыжьхэм якIуа гъуэгуанэр зыхуэдар щIэблэм едгъэщIэным гугъу зыдедмыгъэхьу хъунукъым. Унагъуэ, щIэблэ, тхыдэ - мыхэрщ гъащIэ лъапIэныгъэ нэхъыщхьэхэр», - къыхигъэщащ Текуев Амырбий.

Накуэ Феликс жиIащ тхыдэр хъумэныр музейм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытым тращIыхьу, курыт школхэм щIэс ныбжьыщIэхэр куэдрэ зэрахьэщIэр, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм теухуа дерсхэр нэхъ ипэкIэ лъахэхутэ пэшым щрагъэкIуэкIыу къызэрекIуэкIар, иджы ЛIыхъужьхэм хухаха пэшми апхуэдэхэр къызэрыщызэрагъэпэщынур.

«Урысейм и полк уахътыншэ» урысейпсо жылагъуэ хэкупсэ зэщIэхъееныгъэм и щIыналъэ къудамэм и штабым и унафэщI **Романовская Аннэ** тепсэлъыхьащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм щIыгъуу, иужьрей илъэсхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Ар тепсэлъыхьащ Президентым и саугъэтхэр зыт фондыр и дэIэпыкъуэгъуу, Хэку зауэшхуэмрэ ТекIуэныгъэ Инымрэ ятеухуа дэфтэрхэр зи лъабжьэ фильмхэр зэрагъэхьэзырми, литературэ пшыхьхэр, тхыдэм теухуа зэхьэзэхуэхэр зэрырагъэкIуэкIыми, «Полк уахътыншэ» хэкупсэ Iуэхур гъэ къэс къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэми. Апхуэдэу абы къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ мы гъэм япэу «Полк уахътыншэр» псым тету зэрырагъэкIуэкIар - «Шато Эркен» уардэунэм и хъуреягъкIэ ит гуэлым кхъуафэжьейхэм ису ныбжьыщIэхэм я адэшхуэхэм я сурэтхэр Iэтауэ яIыгъыу зэпрысыкIат. «Мы зэманым апхуэдизкIэ хъыбар нэпцIхэр куэд хъуащи, ди къэрал тхыдэр хъумэным дыхуэсакъын хуейщ. Iуэхугъуэшхуэхэр едгъэкIуэкIыну ди мурадщ ТекIуэныгъэ Иным и илъэс 80-р щыдгъэлъапIэкIэ», - къыхигъэщащ абы.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор, профессор, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI **Башиевэ Светланэ** къызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ КъБКъУ-р къэзэухауэ, щезыгъэджауэ Хэку зауэшхуэм хэтахэр къыщызэщIикъуэжа тхылъхэм зэрелэжьамрэ абы ихуахэмрэ.

Курп Ипщэ къуажэм и курыт еджапIэм и унафэщI **Шэрий Раметэ** тепсэлъыхьащ школым хэт Дзэ щIыхьым и музейм ныбжьыщIэхэр зэрекIуалIэм, Москва ТекIуэныгъэм и музей щыIэм зэрыдэлажьэм. Апхуэдэуи зэIущIэм къыщыпсэлъащ Налшык къалэм и курыт школ №5-м и унафэщIым гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкIэ и чэнджэщэгъу **Гъут Iэсият**, Налшык къалэм и курыт еджапIэ №6-м и унафэщI **Текуев Аслъэн**, Прохладнэ къалэм Николай щихъым и цIэр зезыхьэ члисэм и лэжьакIуэ, иерей **Еремеев Андрей**, «Боевое братство» урысейпсо жылагъуэ IуэхущIапIэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и комитетым и унафэщI **Абэнокъуэ Владимир**, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор **ДыщэкI Альберт** сымэ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Хабзэр убзэркъым

● ЗэIущIэхэр

Налшык къалэ КуроргхэмкIэ и уардэунэм щекIуэкIа зэхыхьэу «Лъэпкъхэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэхэр шэсыпIэщ цIыхухэм я зэхуаку зэхэтыкIэ дахэ дэгъэлъынымкIи псэкупсэ-гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымкIи» зыфIащам хэтащ щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм, КъБР-м и Парламентым, республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ я лIыкIуэхэр, щIыналъэм зи цIэр фIыкIэ щыIуа щIэныгъэлIхэр, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я лэжьакIуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ ирагъэблэгъащ еджапIэ нэхъыщхьэхэмрэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэмрэ я унафэщIхэр, республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр.

Зэхуэсым щытепсэлъыхьащ лъэпкъхэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ зэкIужхэр щIыналъэм къыщыгъэщIэрэщIэжынымрэ жылагъуэ зэгурыIуэныгъэм лъабжьэ хуэхъу хуэмэбжьымэхэм зыщегъэубгъунымкIэ властым и къудамэхэм, лъэпкъщэнхабзэ, дин зэгухьэныгъэхэм хэтхэм ягъэзащIэ лэжьыгъэр зыхуэдэм.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм деж щыIэ Жылагъуэ советым и тхьэмадэ, республикэм егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм ЕгъэджакIуэхэм я Iэзагъэм зэпымыууэ щыхагъахъуэ и центрым и унафэщI **Къэжэр Артур**.

- Ди къэралым иужьрей илъэсхэм гулъытэ хэха зыхуищIхэм ящыщщ лъэпкъхэм лIэщIыгъуэкIэрэ къадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэхэр хъумэныр. Псоми дощIэ УФ-р лъэпкъыбэ къэралыгъуэу зэрыщытыр. Ди республикэри аращ, щIыналъэм исщ лъэпкъ куэдым къахэкIа. ЩIыпIэдэлъху адыгэхэмрэ балъкъэрхэмрэ, дызэрыщыгъуазэщи, ижькIэрэ къадогъуэгурыкIуэ «Адыгэ хабзэ», «Тау адет» жыхуаIэхэр. ТIуми къагъэлъагъуэр ди цIыхухэм ижькIэрэ зэрахьа зэхэтыкIэ къекIухэрщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэр, зым и фIыр адрейм зыхилъхьэу, абыхэмкIи зэдохъуажэ. ЩIэныгъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, бзэрэ щэнхабзэрэ зыбгъэдэмылъыж лъэпкъыр лъэпкъыжкъым. Иужьрей зэманым псори нэхъ дызыгъэгузавэхэм ящыщщ дызыхуэхамэ хуэмэбжьымэхэр кIуэ пэтми нэхъ гъунэгъу къызэрытхуэхъур, - жиIащ Къэжэрым.

КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **Къуэшырокъуэ Залым** УФ-м и Президентым и унафэм щыщу ди республикэм ехьэлIам убгъуауэ тепсэлъыхьащ.

- Псом япэу фIыщIэ фхузощI мы Iуэхум дытевгъэпсэлъыхьыну зэIущIэ къызэрызэвгъэпэщам папщIэ! УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м къыдигъэкIа «Урысейм щыпсэухэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ дахэхэр хъумэнымрэ щIэгъэбыдэнымкIэ къэрал политикэм и лъабжьэ» унафэр (№809) ящыщщ Хэкум и лъэпкъ-къэрал ухуэкIэр зэтезыIыгъэхэм.

СССР-р лъэлъэжу УФ-р щхьэхуэ зэрыхъурэ, ди цIыхубэр гугъу нэхъ езыгъэхьа Iуэхугъуищым хабжэ, псом япэрауэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 90 гъэхэм къэралым и экономикэр къэтIэсхъауэ зэрыщытар. Абдежыр и щIэдзапIэщ лъэпкъ щэнхабзэхэм пщIэ щыхуамыщIыж, къыщрамыдзэж лъэхъэнэм. ЦIыхухэм я нэхъыбэм я унагъуэр, я щхьэр зэрапIыжын мылъку къызэралэжьын Iуэху щызэрахуэм, хабзэ-зэхэтыкIэ дахэу алъандэрэ я зэхуаку дэлъахэм емылIэлIэж хъуат.

Лъабжьэ куу зиIэу къыддэгъуэгурыкIуа зэхэтыкIэ къекIум зэран хуэхъу удын етIуанэу къытхущIэкIащ КъухьэпIэр зэсэжа хьэл-щэн мыхъумыщIэу дызыхуэхамэхэр ди къэралымкIи къэкIуатэу щыщIидзар, телевиденэм псэгъэджылрэ гъэпцIагъэкIэ, еруугъэрэ щхьэхуещагъэкIэ гъэнщIа нэтынхэр увыIэгъуэ ямыIэу къату, а псоми ди цIыхухэм щапхъэ трах щыхъуар.

Ещанэ удыныр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ноби щыхьэт дызытехъуэрщ. Ар сыт жыфIэмэ, цIыхухэм диныр къызэрырагъэщтэж щIыкIэр ди лъэпкъхэм я зэхэтыкIэ дахэм темыхуэу, уеблэмэ, дыдейр IэщIыб зэрыдагъэщIыным тракъуэзэу, абы ипIэкIэ дызэмыса, дызыхуэхамэхэр жылагъуэм, псом хуэмыдэжу щIалэгъуалэм, хапщэну зэрыхущIэкъурщ.

КъинэмыщIауэ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ дэгу лъыдотэ лъэпкъхэм ди блэкIам, дызищIысым хуэгъэзауэ иризэдауэ куэд Интернетым зэрисми. Абы щыгъуи тхыдэмкIэ академие щIэныгъэ зиIэхэм ятххэр къызэрырадзэ щымыIэу, дэфтэрхэр щIэгъэкъуэн зыхуамыщIу. Псэлъэгъум пщIэи нэмыси щыхуамыщI, уеблэмэ щагъэикIэ, щагъэпуд зэныкъуэкъу лейм нэхъри зэрызиубгъур апхуэдизу нэрылъагъущи, а зэхущытыкIэм жылагъуэр зэщигъэIеинкIэ шынагъуэщ.

Дэ, республикэм щыпсэухэр, сыт хуэдэ лъэпкъ дыкъыхэмыкIами, дызэзышэлIэжыр цIыхугъэ дахэрщ, зэхэтыкIэ къабзэрщ. Абы и лъэныкъуэкIэ иджыри къытхуэнауэ зым адрейм щапхъэ зытетхыфын ди куэдщ. Мис абыхэм щIэх-щIэхыурэ дытепсэлъыхьу, щIалэгъуалэм гу лъедгъатэу дыкъекIуэкIыпхъэщ. Ар шэч къызытедмыхьэжынщ, - жиIащ Къуэшырокъуэм.

АдэкIэ псалъэ иратащ УФ-м и Президентым Лъэпкъ зэхущытыкIэхэм хухахауэ дэлажьэ Советым хэт, Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**.

- Мыбдежым къызэрыщыхагъэщауэ, лIэщIыгъуэкIэрэ зэтеува ди зэхущытыкIэ дахэу пэжыгъэр, гущIэгъур, гуапагъэр япэ изыгъэщу щытахэм я мыхьэнэр ди нобэми къыпхуэмылъытэн хуэдизщ. Апхуэдэ зэбгъэдэтыкIэу ижькIэрэ лъэпкъхэм къадэгъуэгурыкIуар ди нобэрей цIыхухэр зэшэлIэнымкIи зэрыщхьэпэр къэрал утыкуми щыжаIэ зэрыщыхъуам и щыхьэтщ УФ-м и Президентым Iэ зыщIидза унафэр. Абы къыхэкIыуи шэч къызытедмыхьэнщ, къалэдэси къуажэдэси ирехъу, дин зэтемыхуэ зезыхьэу лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэхэм къахэкIахэм я зэхуаку зэхэщIыкIрэ шыIэныгъэрэ дэгъэлъыным телажьэ гъэсэныгъэ тэмэм щIэблэм сытым дежи дегъэкIуэкIын зэрыхуейм. Ауэ щыхъукIи, щIалэгъуалэр зэпIэзэрытыгъэм къыхуезыджэ гъэсыныгъэ егъэкIуэкIынымкIи республикэм цIыхуу исым зэхущытыкIэ къекIу я зэхуаку дэлъынымкIи дяпэкIи тегъэщIапIэщ «Адыгэ хабзэ», «Тау адет» жыхуэтIэхэр. А тIуми джэлэс яхуэхъуар пэжыгъэрэ щыпкъагъэрэ зи тепщэ лъэпкъ щэнхабзэм и лъабжьэрщ, нэхъыжьхэм пщIэ хуащIу зэрыщытарщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

ЗэIущIэм я Iуэху еплъыкIэр щыжаIащ УФ-м Лъэпкъ IуэхухэмкIэ и федеральнэ агентствэм и щIыналъэ зэхуаку IуэхущIапIэм и къудамэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэр, Кърым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ къызэщIэзыубыдэм и унафэщI **Лукьянов Сергей**, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ **Берд Хьэзрэталий**, КъБР-м и Парламентым егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэ IуэхухэмкIэ и комитетым и унафэщI **Емуз Нинэ** сымэ, нэгъуэщIхэми.

Зэхуэсахэм, зэхыхьэм щыжаIам ипкъ иткIэ, чэнджэщ ират щIыкIэу, зыхуагъэзэ, УФ-м и Президентым 2022 гъэм щэкIуэгъуэм и 9-м къыдигъэкIа «Урысейм щыпсэухэм ижькIэрэ къадекIуэкI хабзэ-бзыпхъэ дахэхэр хъумэнымрэ щIэгъэбыдэнымкIэ къэрал политикэм и лъабжьэ» унафэр я тегъэщIапIэу, къытщIэхъуэ щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ябгъэдэлъхьэнымкIэ ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, IэмалыщIэхэм тету, адэкIи пащэну.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Дунейм щыхъыбархэр

Ди цIыхухэр нэхъыбэу здэкIуэ къэралхэр

2024 гъэм Урысейм и цIыхухэм щIымахуэ зыгъэпсэхугъуэхэр щагъэкIуэну нэхъыбэрэ къыхахар Китайрщ. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм ебгъапщэмэ, мы гъэм а къэралым кIуахэм я бжыгъэр хуэдиплIкIэ нэхъыбэ хъуащ.

Къэпщытэныгъэхэр езыгъэкIуэкIа IэщIагъэлIхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, апхуэдэ щIэупщIэр къызыхэкIар кхъухьлъатэ зэхуэкI умыщIу Урысейм и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм уикIыу Китайм укIуэф зэрыхъуарщ. ЦIыху нэхъыбэ здэкIуэр Пекинщ, ар ягу зэрырихьым и щыхьэтщ а къалэм мазэм нэблагъэкIэ зэрызыщаIэжьэр.

Апхуэдэу щIэупщIэ зиIэхэм ящыщщ Ипщэ-КъухьэпIэ Азием и къэралхэри. Вьетнамым кIуэхэм я бжыгъэм хуэдищкIэ, Таиландымрэ Индонезиемрэ къыхэзыххэр хуэдитIкIэ нэхъыбэ хъуащ. Хьэрып Эмират Зэгуэтхэм сытым дежи цIыхушхуэ кIуэуэ щытащ, иджыри къахэхъуащ а къэралым зыщызыгъэпсэхуну зыфIэфIхэм.

Дыгъэгъазэм и 3, *гъубж*

♦**Ныкъуэдыкъуэхэм я дунейпсо махуэщ**

♦**Компьютер графикым и дунейпсо махуэщ**

♦**Пестицидхэр къагъэсэбэпу мыдэным и дунейпсо махуэщ**

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Юристым и махуэр**

♦***Зи Хэкур зыхъумэжурэ хэкIуэда Сэлэт МыцIыхум и махуэщ***

♦**1933 гъэм** къалъхуащ географие щIэныгъэхэмкIэ доктор, Дамаск къэрал университетым и профессор **Абдул-Сэлам Адыл**.

♦**1956 гъэм** къалъхуащ Истамбыл щыпсэу уэрэдус, уэрэджыIакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Къущхьэ Догъэн**.

♦**1958 гъэм** къалъхуащ тележурналист, КъБР-м и Къэрал саугъэтыр зрата **Токъмакъ Светланэ**.

♦**1970 гъэм** къалъхуащ философие щIэныгъэхэмкIэ доктор, экономикэмрэ управленэмкIэ институту Псыхуабэ дэтым и профессор **КъуэщIысокъуэ Заурбэч**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр 1 градус, жэщым щIыIэр 1 градус щыхъунущ.

Дыгъэгъазэм и 4, *бэрэжьей*

♦**Информатикэм и махуэщ**

♦**1707 гъэм** Урысейм щыяпэу Москва къыщызэIуахащ узыншагъэм щыкIэлъыплъ къэрал IуэхущIапIэ (иджыпсту ар Бурденкэ Н. Н. и цIэр зезыхьэ дзэ клиникэ сымаджэщ нэхъыщхьэщ).

♦**1946 гъэм** Москва щызэпкъралъхьащ «Москвич-400» лIэужьыгъуэм и япэ автомобилыр.

♦**1907 гъэм** къалъхуащ КъБАССР-м щIыхь зиIэ и артист **Ало ЛутIэ**.

♦**1927 гъэм** къалъхуащ адыгей усакIуэ, тхакIуэ, драматург **Тхьэркъуахъуэ Мэжид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уфауэ щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щIыIэр градуси 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Унэм зыщыгъаси, Хасэм яхыхьэ.

● Парламентым япэу хагъэхьа депутатхэр зыдогъэцIыху

АХЪМЭТ Амир: Ди республикэм хуэлэжьэнырщ япэ изгъэщыр

Ахъмэт Амир Хъусен и къуэр ди республикэм и мызакъуэу, къэралым и щIыналъэ куэдми хамэ къэралхэми фIыуэ къыщацIыху. Ар Урысей Федерацэм щIыхь зиIэ и тренерщ, и гъэсэнхэм яхэтщ УФ-м тхэквондомкIэ и чемпионхэр, дунейпсо, европей зэхьэзэхуэхэм мызэмытIэу щытекIуахэр, къыщыхэжаныкIахэр. Кэнжэ къуажэм дэт «Пять колец» спорт академием и унафэщIщ.

Ахъмэтыр мы гъэм ди щIыналъэм щекIуэкIа щIыпIэ Парламент хэхыныгъэхэм щытекIуэри, депутату хахащ, комитетым и унафэщIым и къуэдзэщ, и лэжьыгъэр нэхъыбэу зыхуэгъэпсари спортырщ.

Амир иджыблагъэ зыхуэдгъэззэри и лэжьыгъэм тедгъэпсэлъыхьащ, и мурадхэмкIи къыддэгуэшащ.

- Олимп джэгухэм хыхьэ тхэквондо лIэужьыгъуэмкIэ (ВТФ) Урысей Федерацэм балигъхэм я чемпионату Налшык къалэм тхьэмахуитI ипэкIэ щекIуэкIам къарикIуахэр къызэщIэткъуэжмэ, сытхэр къывэхъулIа, сытми фригъэгупсыса, Амир?

- Илъэс псом къриубыдэу екIуэкIа зэхьэзэхуэхэм къарикIуахэр щызэхалъхьэж зэпеуэщ УФ-м и чемпионатыр. Къэралым щрагъэкIуэкIхэм ящыщу нэхъ мыхьэнэшхуэ зиIэри нэхъ гугъури аращ.

ЗэрыфщIэщи, спортсменхэр я ныбжь елъытауэ гупиплIу гуэшауэ щытщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ - дивизиониплI мэхъу ахэр: сабийхэр, ныбжьыщIэхэр, щIалэгъуалэр, балигъхэр. Я ныбжьхэм ятещIыхьауэ, зэхьэзэхуэхэр щхьэхуэу ирагъэкIуэкI икIи абыхэм псоми мыхьэнэшхуэ яIэщ, сыту жыпIэмэ, сабий щIыкIэ щIэбдзэу спортым хуумыгъасэмэ, ехъулIэныгъэ къэзыхьыфыну балигъхэри уиIэнукъым - псори зэпыщIауэ къокIуэкI.

УФ-м и чемпионатым илъэсищ хъуауэ хъарзынэу дыхэтщ. Зы илъэси къанэркъым дыщэ медаль къэдмыхьу.

Мы гъэм ди спортсменхэр зыхэта зэхьэзэхуэхэмрэ чемпионатымрэ къарикIуахэм сытепсэлъыхьын ипэ къихуэу сыхуейт фигу къэзгъэкIыжыну: Урысей Федерацэм тхэквондомкIэ тренеру мини 7-м щIигъу иIэщ, къэралым и щIыналъэхэм ящыщу 77-м а спорт лIэужьыгъуэм цIыхухэр щыхуагъасэ. Дуней псор къапщтэмэ, псори зэхэту цIыху мелуан 80-м щIигъу тхэквондом хэтщ, къэрал 214-м я зэгухьэныгъэхэр ВТФ-м - ТхэквондомкIэ дунейпсо федерацэм хэтщ. Ар олимпиадэм хыхьэ лIэужьыгъуэщ. Мис апхуэдиз къызэщIеубыдэ тхэквондом икIи а псори зэпэтлъытэу, мы гъэм дызыхэта зэIущIэхэм къарикIуахэр зэхэтлъхьэжмэ, ди командэр къэралым щынэхъыфI дыдэхэм яхэту къыщIэкIынущ.

Псалъэм папщIэ, Урысей Федерацэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ екIуэкIа зэхьэзэхуэм, илъэс 12 - 14 зи ныбжьхэм я деж, Щоджэн Басиррэ ПщыхьэщIэ Эстеллэрэ япэ увыпIэхэр къыщахьащ, Пэфыф Эвелинэ ещанэ хъуащ. Илъэс 15 - 17 зи ныбжьхэм я деж мы гъэм екIуэкIа апхуэдэ зэхьэзэхуэм ди командэм япэ увыпIэр къыщихьащ. Мыбдежым Бицу Къантемыр, Тхьэмокъуэ Элинэ, Хубуловэ Анжеликэ сымэ япэ, Iусен Дамир - етIуанэ, Иуан Дианэ - ещанэ хъуахэщ. Зи ныбжьыр илъэс 21-м щIимыгъуахэм я деж япэ увыпIэр къыщихьащ Iусен Дамир, Ахъмэт Дамиррэ Бицу Къантемыррэ етIуанэ хъуахэщ. Абы щыгъуэ финалищ зы махуэм диIауэ щытащ.

ЗэрыфщIэщи, УФ-м и мыгъэрей чемпионатым Бицу Къантемыр дыщэ медаль къыщихьащ. Ар егъэлеяуэ ехъулIэныгъэшхуэщ - илъэс 17 фIэкIа умыхъуу балигъхэм я деж къэралым бжьыпэр щыбубыдыныр! МащIэ дыдэрэщ апхуэдэу къыщыхъур, къэхъуххэу щытмэ.

Чемпионатым и дыщэ медаль къихьащ Бекъул Милани. Абы и ныбжьри илъэс 18 хъууэ аращ, зэкIэлъыпыту чемпионатитIым щытекIуэни хузэфIэкIащ. Багъ Идар мы гъэм ещанэ хъуащ. Абы и зэфIэкIхэм хуэфащэ пщIэ судьяхэм хуамыщIауэ къэтлъытэу, абыхэм тIэкIу дахуэмыарэзыуэ дызэрызехьауэ щытащ. Илъэсищ хъуауэ мы щIалэр УФ-м и командэ къыхэхам лъэ быдэкIэ хэтщ, къэралым тIэунейрэ и чемпион хъуащ.

Абыхэм нэмыщI, зи узыншагъэм сэкъат иIэхэм я чемпионати Налшык щекIуэкIати, абы япэ увыпIэр къыщихьащ Байтемиров Тимур. Мы щIалэ цIыкIур зеиншэу си унэ къасшэри, илъэсиплIкIэ си деж щыпсэууэ, дгъасэурэ, Урысейм и чемпионатым мы гъэм щытекIуащ.

Апхуэдиз медаль зы илъэсым къыщIэкIащ мы ди зы спортзалым. УФ-м тхэквондомкIэ и федерацэм и тхьэмадэр ди деж къыщылъэтам гулъытэшхуэ къытхуищIащ икIи къыджиIащ дыщэ медалхэр иужьрей илъэсищ-плIым зэкIэлъыкIуэу къззыхь командэ дыдейм нэмыщI къэралым зэрыщымыIэр. Ар къызыхэкIыр, ищхьэкIэ зи гугъу щысщIа гупиплIми зэхуэдэу ехъулIэныгъэхэр зэрыдиIэрщ, гупхэм ящыщ «щыпхрыху» къэмыхъуу.

Псалъэм папщIэ, нэгъуэщI командэхэм я сабий гупым е балигъхэм хъарзынэу зэхьэзэхуэм зыкъыщагъэлъэгъуэнкIэ хъунущ, ауэ мыдрей гупхэм хэтхэм ящыщу зыми ехъулIэныгъэ ямыIэу къанэу. Дэ аракъым: дэ ди гупхэр ехъулIэныгъэншэ хъуркъым, икIи я ныбжь елъытауэ къэралым и командэ къыхэхам ди спортс-менхэр сыт щыгъуи хэтщ. Ар спортсменхэр гъэхьэзырыным хуэгъэзауэ зэтедухуа лэжьыгъэм къарикIуэу аращ.

Ар лэжьыгъэшхуэщ, жэщи махуи спортсменхэм уахэтыныр, ахэр здэбгъэкIуэну зэхьэзэхуэхэр, зыгъэсэныгъэхэр зэхуэбгъэхъуныр, дэтхэнэми ущIэгупсысыныр. НэгъуэщIу жыпIэмэ, куэд пыщIащ абы.

«Ди деж къэгъэззэжи, къэралым и командэ къыхэхам, я ныбжькIэ узыхуейр къыхэхи, я тренеру тхуэлажьэ», - къызжиIат Урысейм ТхэквондомкIэ и федерацэм и тхьэмадэм, ауэ сэ здакъым. Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэр фIыкIэ дгъэIуу, и щIыхьыр

лъагэу тIэту мыпхуэдизу зэтедгъэувэ ди командэм сыкъыщынэжмэ нэхъ къызощтэ.

Пэжщ, си хэхъуэкIи си Iуэху нэхъ къыщикIынут абы сыкIуамэ, ауэ псори сомкIэ къэплъыт хъунукъым. Ди пщIэ, ди щIыхь япэ идогъэщ, дыщалъхуа, дыкъыщыхъуа щIыналъэм, хэкум ди сэбэп гуэр едгъэкIмэ нэхъ сфIэтэмэмщ.

- Амир, бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэ псори къатщтэмэ, тхэквондом хуащI гулъытэкIэ адрейхэм ялъэщIыхьа?

- Тхэквондом зыхуэзыгъасэхэм я бжыгъэмкIэ ар псом япэ итщ, къыкIэлъыкIуэр дзюдорщ. Я зэфIэкIхэмкIэ лъагапIэ нэхъыщхьэу къатщтэр-тIэ Олимп джэгухэращ, олимпиадэ екIуэкIам дыхэтакъым, ауэ Токио щызэхэтам гуп зэпеуэхэм ди къэралым япэ увыпIэр тхэквондомкIэ щиубыдащ: ди спортсменхэм къахьащ дыщэ медалу тIу, зы дыжьын, зы домбеякъ. УФ-м СпортымкIэ и министерствэм спорт лIэужьыгъуэхэр я мыхьэнэкIэ, я зэфIэкIхэмкIэ гуп-гупу егуэш. Абыхэм я нэхъ лъэщ дыдэр класс «А»-м хэтхэрщ, къэралым нэхъыбэу зытригъэщIэ спорт лIэужьыгъуэхэрщ. Тхэквондор хохьэ абы, дзюдом, бэнэкIэ хуитым, алыджурым бэнэкIэм я гъусэу. Абыхэм псоми къэрал гулъытэ зэхуэдэу ират, зэщхьыркъабзэу мылъкури трагъэкIуадэ.

Дэ дыхэкупсэщи, тхэквондорами, дзюдорами, бэнэкIэ спорт лIэужьыгъуэхэрами, зыри зэхэдз дымыщIу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэсэну щытмэ, дыдощI, дыдоIэпыкъу, дызэрыIыгъщ. Тренер лъэщхэр, егъэджакIуэ, психолог Iэзэхэр спортсменхэм ядолажьэ, ауэ сэ иджыпсту зи гугъу сщIыр Олимп джэгухэм хыхьэ спорт лIэужьыгъуэхэращи, мис а плIым зыужьыныгъэшхуэ ягъуэтащ иужьрей зэманым.

- Иджыблагъэ Албанием щекIуэкIа европей зэхьэзэхуэми фыкъыщыхэжаныкIа си гугъэщ...

- Урысейм и командэ къыхэхам хэту Европэм пашэныгъэр къыщыхьыным хуэунэтIауэ Албанием и къалащхьэм щекIуэкIа зэхьэзэхуэм щыIащ ди спортсменитI. Ахэр Щоджэн Басиррэ ПщыхьэщIэ Эстеллэращ. Абыхэм УФ-м пашэныгъэр къыщахьри, къэралым и командэ къыхэхам хэту яшауэ аращ. Хъарзынэ дыдэу зыкъагъэлъэгъуащ тIуми: Басир япэ, Эстеллэ - ещанэ увыпIэхэр илъэс 12 - 14 хъухэм я деж къыщахьащ.

Зымахуэ едгъэкIуэкIа зэIущIэм дыщытепсэлъыхьат Урысейм и командэ къыхэхам къэралым гулъытэ хэха зэрыхуищIым. А ныбжьыщIэ цIыкIухэр Китайм яшэри къашэжащ, абы иужькIэ, сборитIым хэтащ, адэкIэ Албанием кIуащ. Я гъуэгупщIэкIи, щыгъынкIи, зыхуеинухэмкIи къэралым псори къахуищIащ УФ-м щытекIуа цIыкIухэм.

Мыдрейуэ, абы фIэкIа ныбжь зимыIэ цIыкIухэм къэралым щхьэкIэ лъэбакъуэшхуэхэр ячу къызолъытэ. Ди къэралым и щIыхьыр иIэту зэхьэзэхуэм зэIущIитху щригъэкIуэкIат Щоджэн Басири, егъэлеяуэ дахэу, [illegible]

дгъэлъэгъуну дыхуимыту дыщыIащ. Ауэ, дауэ мыхъуми, зэхьэзэхуэхэм кIэлъыплъа псоми ящIэ ар дэнэ къикIами. ЩIалэ цIыкIур хэкупсэу къэхъунымкIи ар шэсыпIэщ. Абы къыгуроIуэ ди къэралыр дакъузэну зэрыхэтыр, и ныбжь иIыгъыну къызэрыпаубыдыр икIи абыхэм япэщIэтын папщIэ, зэIущIэм щытекIуэн зэрыхуейр. Абы гъэсэныгъэ мыхьэнэшхуэ иIэщ сабийхэм я дежкIэ.

- Япэрей зэманым елъытауэ къэралым спортым хуищI гулъытэр нэхъыбэ хъуа?

- Хэхъуауэ жысIэнкъым, ауэ нэхъыкIи ящIакъым. Зэхьэзэхуэхэм дыхэтщ, егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэм дызэрыкIуэу щытам хуэдэу докIуэ, я фащэхэр къызэрыхуащэхуу щытам хуэдэу яхуапэ. Балигъхэр къэсщтэнщи, улахуэ хъарзынэхэр кърат.

Мыбдеж тIэкIу зыдгъэщIэгъуэнщи, дэ дгъэса спортсмену, мы залым къыщIэкIауэ цIыху 15 - 16-м улахуэхэр къахь, зыхуэныкъуэну псомкIи, пщIэ щIамыту, къызэрагъэпэщ, зэхьэзэхуэхэм хэтын папщIэ. Шэч хэмылъу, къэралым ахэр къахуищIэн щхьэкIэ, дэри дадолажьэ, гъэсэныгъэ ябгъэдыдолъхьэ.

- Ар сыт хуэдэ IэнатIэ ирехъуи, абы хэзыщIыкI щыпэрыхьэм деж Iуэхур мэкIуатэ. Уэ КъБР-м и Парламентым и депутату ухахащ, уи къалэн нэхъыщхьэу щытыр уи гъащIэр зэта спортым зегъэужьынырщ. Сыт хуэдэ гупсысэхэмрэ мурадхэмрэ уиIэ абы теухуауэ?

- ЦIыху губзыгъэр дэни хэзэгъэнущ жаIэ, ауэ зыпэрыхьа Iуэхум кууэ хэзыщIыкI, абы и пIалъэ зыщIэм сэбэпынагъ нэхъыбэ къызэрыпыкIынуми шэч хэлъкъым. Дэтхэнэ зы цIыхури езыр зыхуэхьэзыр, и щIэныгъэкIэ зыхуэIэрыхуэ и IэнатIэ пэрытыжын хуейщ, профессионал жыхуаIэм хуэдэу щыту. Дунеймрэ пIалъэр къыдгурыIуэу дыщытщ дэтхэнэ зыри, ауэ зы Iуэхугъуэхэмкиэ дылъэщу, адрейхэм зэрыхэтщIыкIыр нэхъ мащIэу.

Сэ спортым сыхэтщи, мис иджыпсту къедбжэкIа ди ехъулIэныгъэ къомыр езыр-езыру къызэрымыкIуар сощIэ. Сэ спортым сыхэлэжьыхьыну щIысфIэфIыр медалхэмрэ щIыхь тхылъхэмрэ къызэрыщытхь, абы ди пщIэр зэриIэт къудейркъым. Мыр цIыхум и гъэсэныгъэм, абы и гъащIэр зэрыхъунум, и дуней тетыкIэм дызэлэжьыхьу араци, узэщIакIуэ жыхуаIэм хуэдэу сыщытыну сфIэфIщ.

Ди гъэсэнхэм дапхуэдиз яхэт цIыху хъарзынэхэр къахэкIауэ - хэт дзэ Iуэху хэхам щыIэщ, медалхэр кърэтауэ, хэти хабзэхъумэхэм яхэтщ, медицинэм, егъэджэныгъэм, нэгъуэщI IэнатIэхэм щолажьэ. Ахэр псори къызрикIуар мыбы щагъуэта гъэсэныгъэмрэ спортым зэрипсыхьамрэщ.

Мис апхуэдэу дылажьэурэ ди республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек пщIэ къытхуищIу, гу къытлъитэурэ мы спорткомплекситIыр мыбы щыдухуащ, къэрал дэIэпыкъуныгъэ хэмыту. Аращ зи жэрдэмыр парламент хэхыныгъэхэм сызэрыхэтари.

Пэжыр жысIэнщи, апхуэдэ гугъэхэр сиIакъым, ауэ нэхъапэIуэкIи куэдым къызаIуэкIат цIыхубэм я лIыкIуэу сылэжьэну схуэфащэу. «Хэхыныгъэхэм хыхьэ закъуэ, уэ щхьэкIэ дэнэ дежи Iэ щытIэтынущ», - къызжаIэрт. Мис ар япэ дыдэ изгъэщхэм ящыщщ: цIыхум пщIэ яхуэпщIу, уэри дзыхь къыпхуащIу гупым уахэтыныр. Ар псом нэхърэ нэхъ лъапIэщ. Апхуэдэурэ Iуэхур къекIуэкIащ, депутату сыхаха нэужь, спортырат сызыхэтри, си лэжьыгъэр абы ирапхащ.

Сэ схузэфIэкIыу, республикэм спортым зыщегъэужьыным щхьэкIэ зыри къэзгъэнэнукъым. Хьэуэ, спортыр и пIэм иту, мыкIуатэу къэнауэ аракъым. Лэжьыгъэ хъарзынэхэри щокIуэкIри, сэ нэхърэ нэхъыфIу хэзыщIыкI цIыху куэди хэтщ, ауэ сэри къыслъысу, си сэбэпынагъ гуэр езгъэкIыну, щIэуэ зыгуэрхэр хэслъхьэн мурадхэр сиIэу аращ.

- Псалъэм къыдэкIуэу, «Пять колец» спорт академием щевгъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэхэм я гугъу уэзгъэщIынут. Сыт хуэдэ ухуэныгъэхэр [illegible]

яужь дихьауэ аращ мыбы.

ХэIущIыIу имыщI щхьэкIэ, Альберт цIыху куэдым сэбэп яхуохъу, спортсменхэри яхэту. Ауэ мы иджыпсту къетхьэжьауэ республикэм тыгъэ хуэтщIыр Iуэху инщ. Ухуэныгъэм къэралым и мылъку хэлъкъым, дэ езым ди къарукIэ тщIыуэ аращ. Сабийхэр мыхъумыщIагъэхэм дамыхьэхын папщIэ мыбы къетшалIэу щыдгъэсэну, сэбэп дахуэхъуну - мис апхуэдэ мурадхэм къыхэкIащ мыр.

Академием и гугъу тщIымэ, профессиональнэ спортым хуэщIауэ, къатихыу зэтету хьэщIэщ дэтщ, тхэквондом щхьэкIэ алэрыбгъуу 12, бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэм щхьэкIэ - 9 зэрыхуэн спортзалышхуэ духуащ. Еджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэр щедгъэкIуэкIынущ, къэралым и командэ къыхэхахэр къедгъэблагъэурэ, абыхэм ди республикэм и сабийхэр, спортсменхэр яхэдгъэувэурэ я гъусэу зедгъэгъэсэнущ. Абы зэрыщыщIэ зэманым я шхынми хьэщIэщми щхьэкIэ пщIэ щIамыту. Ауэ нэхъыщхьэжращи, ди сабийхэм Iэмал яIэнущ къэралым и спортсмен нэхъ лъэщхэм я гъусэу загъэсэну, зэужьыну.

Налшык къалэм дэт «Гладиатор» спорт комплексми егъэлеяуэ Iэзэхугъэушхуэхэр щрагъэкIуэкI, республикэм СпортымкIэ и министерствэми лэжьыгъэшхуэ ещIэ, ауэ дэ едгъэжьа мы ухуэныгъэхэр зэфIэкIыу щытмэ, республикэм и хэхъуэхэр нэхъри игъэбэгъуэнущ. Дунейпсо егъэджэныгъэ-зыгъэсэныгъэ зэхуэсхэри мыбы щедгъэкIуэкIыну ди плъапIэщ.

А псом нэмыщI, спортым пыщIауэ лэжьэну иджырей медицинэ центр дыдощIыхь академием, спорт медицинэ жыхуаIэм хуэдэу, езым и фармакологие иIэжу. Спортсменхэм я узыншагъэр тхъумэн, абы дыкIэлъыплъын щхьэкIэщ ар щIэтщIыр. Хэти ещIэ профессиональнэ спортсменым и узыншагъэм лейуэ къытехьэр зыхуэдизыр.

А IуэхугъуэмиI Альбертрэ сэрэ дегупсысауэ яужь дихьащ. Спортсменыр къэдгъэсэбэпрэ дутIыпщыж мыхъуу, и узыншагъэм дыкIэлъыплъу, сэбэп дыхуэхъуу къару едгъэгъуэтыжын щхьэкIэщ медицинэ центрыр къыщIедгъэжьар. Абы щIэтыну медицинэ IэмэпсымэхэрI Германием кърегъэшащ икIи нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ.

Апхуэдэуи мыбы пэшищ щытщIащ, IэхуитIэхуит хъужауэ, гимнастикэмкIэ, бэнэкIэ лIэужьыгъуэхэмкIэ, боксымкIэ щхьэхуэу зыщагъэсэн хуэдэу.

- Сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, сабийхэм я адэ-анэхэм я гъусэу зыщагъэпсэхун, я нэгу зыщрагъэужьын, щыджэгун щIыпIэхэри мы пщIантIэм щывухуэн мурадхэри щыIэщ.

- Апхуэдэ гугъэхэри диIэщ. Спортым зыхуагъасэ къудейкIэ Iуэхур зэфIэмыкIыу, сабийм и гур щигъэтIылъын щIыпIэ гуэрхэри иIэн хуейщ. Армырамэ, ныбжьыщIэхэм я гур спортым бгъэдэкIынущ. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ ахэр дэзыхьэхын гуэрхэр къахуэзгъэпэщын хуейщ.

Мыбдежми нэгъуэщI IуэхугъуэхэрI абы къокIуэ, нэхъ мыхьэнэ иныж зиIэ къалэнхэр къэуву – ахэр уэрамхэм къыщыхъу Iуэхугъуэ мыщхьэпэхэм, наркотикхэм щIэблэр щыхъумэныр, гъэсэныгъэ тэмэм яхэлъхьэныр, лъэпкъ зэныбжьэгъугъэр гъэбыдэныр.

- Мыпхуэдэ гупсыси щыIэщ: ди тренерхэр нэгъуэщI щIыпIэхэм вгъакIуэу я IэщIагъэм хевгъэгъахъуэу, е тренер Iэзэхэр къевгъэблагъэу фхуэзэтеухуамэ, фIы гуэрхэр абыи къарикIуэнтэкъэ?

- Апхуэдэ гугъэхэр щыIэщ икIи, Тхьэм жиIэмэ, абыи дыхунэсынщ. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, спортсменыр лъэрызехьэ хъун щхьэкIэ гъэсакIуэ Iэзи иIэн хуейщ. Ухуеймы дыщэ унэ щыухуэ мыбдеж, спортзалхэр дыщэпсыкIэ къигъэжыкI - тренер нэс щымыIэмэ, псори къэнэжауэ аращ.

ЩIыунэхэм щыщIэдзащ сэ сабийхэр згъэсэн. Унащхьэм узэшхыр къыпхыжу, уздыгъэр нэхъыбэм щымыблэу, щIымахуэм жыыуейр щызэприхуу. Зэм зыр зэзгъэпэщыжым, зэм етIуанэр зыхуей хуэзгъэзэзуэрэ екIуэкIащ. Абы щыгъуэми, УФ-м пашэныгъэр къыщызыхьа спортсмени сиIэ хъуат.

Тренерым щIэныгъэ бгъэдэлъу, психолог Iэзэу, сабийм и гум щыщIэр къыхэзыщIыкIыу щытын хуейщ. ЕтIысэхыпIэ имыIэуи мылажьэу хъунукъым.

- Амир, илъэс 15-м нэблэгъащ тренеру узэрылажьэри, а пIалъэм къриубыдэу пхузэфIэкIамкIэ уарэзы хъэмэрэ иджыри зыгуэрхэр схуэщIэну щытат жыпIэрэ?

- Сыт сымыщIами, етIуанэу абы къытезгъэзэжыну е срикIуэжыну сфIэфIкъым. Ауэ а пIалъэм къриубыдэу лэжьыгъэшхуэ едгъэкIуэкIащ. Псалъэм папщIэ, 2010 - 2012 гъэхэм, зэхьэзэхуэхэм япэу дыкIуэн щыщIэддзам, ди хъэрхуэрэгъухэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэр яхуэзэмэ, гуфIэу щытащ - тыншу датекIуэнущ, жыхуаIэу. Мыхьэнэ къыдатыртэкъым икIи зыуи дыкърадзэртэкъым япэ илъэсхэм.

Си гур ныкъуэт пщIэ къызэрытхуамыщIым щхьэкIэ икIи мурад быдэ сщIат: зэгуэр дэри лъэ быдэкIэ дыувынщ, ди зэфIэкIри едгъэлъагъунщ, ди деж сборхэм къэкIуэну къэлъаIуэуи тщIынщ, жысIэуи, Алыхьым и шыкуркIэ, нобэ сызытепсэлъыхьа къомыр абы къыдэкIуауэ аращ.

Епсэлъар
ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олегщ.

Жэрдэмыр даIыгъащ

● Жылагъуэ

«Нэхъыжьыр зыгъэлъапIэм и щхьэри лъапIэщ» и фIэщыгъэу Кэнжэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм иджыблагъэ зэхыхьэ хьэлэмэт щекIуэкIащ.

АР ТЕУХУАТ зи сабиигъуэр Хэку зауэшхуэм хиубыдахэм я пщIэр Iэтыным, гугъуехьу я нэгу щIэкIам ныбжьыщIэхэр щыгъэгъуэзэным, нэхъыжьымрэ нэхъыщIэмрэ я зэхуаку дэлъын хуей пщIэнэмысым щIэблэр хуэгъэсэным.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Степан Эдуард къыхилъхьа жэрдэмыр даIыгъащ а жылэм дэс ветеранхэм я зэгухьэныгъэм хэтхэм я мызакъуэу, «Зауэм и бынхэр» жылагъуэ зэгухьэныгъэм ди республикэм щиIэ и къудамэм и унафэщI Къэнэмэт Замиррэ абы и къуэдзэ Шыдакъ Женярэ.

УФ-м и гимнымкIэ зэIущIэр къыщызэIуахым, кърихьэлIа псори абы щыту едэIуащ. ИтIанэ псалъэ иратащ Къэнэмэт Замир.

- Лъэхъэнэ хьэлъэм щIэх балигъ ищIа ди нэхъыжьыфIхэм фи нэгу зедгъэуужьыну, зы тIэкIу нэхъ мыхъуми дывэгуэпэкIыну аращ ди зэхуэсыр зытедухуар. Фэ бэлыхьу фшэчар зэи тщыгъупщэ мыхъун Iуэхущ. Фи псэм фемыблэжу, щIыналъэ дахэу бэвылъэ щIыгур зыубыдыну къизэрыхьа нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм Хэкур щахъумэну тэджа фи адэ-анэхэм къагъэна лэжьыгъэ мытыншым шыщхьэмыгъазэу фызэрыпэщIэтамрэ флъэгъуа хьэзабымрэ ди щIалэгъуалэр щыгъэгъуэзапхъэщ. Мыбдеж нэхъыжьу кърихьэлIахэми зи узыншагъэм къимытIасэу къэмыкIуэфахэми псоми ину фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ икIи нобэ нэхъыкIэ фымыхъуу, фи бынхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ флъагъуу, пщIэр, нэмысыр фи жьэгум дэлъу иджыри куэдрэ фыпсэуну сынывохъуэхъу, - жиIащ абы, икIи, зэхуэсым хэта нэхъыжьхэм зырызыххэу я цIэ кърaIуэурэ, «Зауэм и бынхэр» зытет медалхэмрэ удз гъэгъа Iэрамэхэмрэ яритащ.

Зи цIэ кърaIуауэ, ауэ и узыншагъэм къыхэкIкIэ Iуэхум къримыхьэлIэфа нэхъыжьхэм, я унэм кIуэурэ медалхэр иратыжыну унафэ ящIащ жэрдэмыр къыхэзылъхьахэм.

Кърагъэблэгъа нэхъыжьыфIхэм, къыхуащIа гулъытэ мащIэм зэрыщыгуфIыкIар къыуагъащIэу, я нэпсыр хуэфIу къыщIэуват, я гукъэкIыжкIэ зэман жыжьэ блэкIам зэрагъэзэжар зыхэпщIэу.

ЩIыпIэ администрацэм и унафэщI Степан Эдуард зэхуэсым хэтахэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ:

- Си жэрдэмыр къыздэзыIыгъахэм псоми фIыщIэ фхузощI. Дэ ди къалэнщ мыпхуэдэ зэхыхьэ щхьэпэ нэхъыбэу едгъэкIуэкIыну, ди нэхъыжьыфIхэм яшэча гугъуехьымрэ хьэзабымрэ ди щIэблэр щыдгъэгъуэзэну, зэхахым дерс къыхахыу я гум къинэн папщIэ. ФIыщIэри щытхъури зыхуэфащэр фэращ, ди нэхъыжьыфIу фIыр зи Iэужьхэм. ЩIэблэм я гуфIэгъуэ куэду флъагъуу ди япэ Тхьэм фригъэт! Пэжагъэр, гуапагъэр, зэгурыIуэр дуней псом тепщэ щрехъу, - жиIащ абы.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ Кэнже дэт курыт еджапIэ №20-м и еджакIуэхэм ягъэхьэзыра концерт мыинымкIэ.

Тхыгъэри сурэтри **КЪАНКЪУЛ Зазий** *ейщ.*

● Дызэкъуэту

Дзэ Iуэху хэхам и хъыбархэр зэхуэхьэсауэ

Налшык дэт Лъэпкъ музейм, дзэ щIыхьым и пэшым, щекIуэкIащ «Нет уз святее товарищества» тхылъым теухуа зэIущIэ. Абы щызэхуэхьэсащ Украинэм щекIуэкI дзэ Iуэху хэхам хэтахэм, абы хэкIуэдахэм я унагъуэхэм я гукъэкIыжхэр.

IУЭХУР къызэригъэпэщащ «Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» фондым и Къэбэрдей-Балъкъэр къудамэм. Фондым тхылъыр къыдигъэкIащ тхакIуэ Прилепин Захар и редакцэм щIэту. Мыр СВО-м теухуа рассказхэр зэрыт етIуанэ тхылъщ. Япэрейм, ««Жизнь за други своя» зи фIэщыгъэм, щытепсэлъыхьат Москва, ВДНХ-м, щекIуэкIа «Россия» гъэлъэгъуэныгъэшхуэм.

«Хэкум и къыщхьэщыжакIуэхэр» фондым къыдигъэкIа тхылъым ихуащ СВО-м теухуа рассказ 43-рэ. Ар щызэхагъэувэм, фондым къыхурагъэхьат дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, СВО-м щыIэхэм я унагъуэхэм, абы хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэм я хъыбару, гукъэкIыжу 750-м щIигъу.

- Ди фондым гулъытэ хуещI СВО-м хэтхэм, абы кърaтыкI хъыбархэр зэхуэхьэсыным, тхыдэм ахэр къыхэнэным, зи псэ зытахэм я фэеплъыр хъумэным. Дэ тхылъым идгъэхуа хъыбархэр къытIэрагъэхьащ дзэ Iуэху хэхам и ветеранхэм, абы мы зэманым щыIэхэм я благъэ-Iыхьлыхэм. Къулыкъум пэрыту зи псэр зыта ди лIыхъужьхэм я фэеплъыр дохъумэ, мы зэманым СВО-м и псэзэпылъхьэпIэм Iутхэм IуэхукIи псалъэ гуапэкIи дазэрыщIыгъур зыхедгъэщIэн папщIэ тлъэкI къэдгъанэ хъунукъым, - жиIащ фондым и щIыналъэ къудамэм и унафэщIым и къуэдзэ Къумыкъу Зульфия.

Дзэ Iуэху хэхам и лIыхъужь хъыбархэм къеджащ ПщыхьэщIэ Ахьмэд, Мэзло Заурбэч, Коваленкэ Роман сымэ. Ветеранхэр тепсэлъыхьащ СВО-м и хъыбархэм, къулыкъу къадэзыщIахэм я лIыхъужьыгъэм, дзэ Iуэхум щынэхъапэу къалъытэхэм.

ТхылъыщIэм иращIэкIа зэIущIэм кърагъэблэгъат дзэ Iуэху хэхам хэтахэр, къулыкъум пэрытхэм я унагъуэхэр, курыт еджапIэм щIэсхэр, студентхэр, щIалэгъуалэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Зи гугъу тщIы тхылъыр Iэрагъэхьащ Мэлбахъуэ Тимборэ и цIэр зезыхьэ Лъэпкъ библиотекэм, КъБР-м и Лъэпкъ музейм, республикэм и еджапIэ нэхъыщхьэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.

ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ

Шэджэм щIыналъэ администрацэм и унафэщI Борсэ Юрэ иджыблагъэ IущIащ дзэ Iуэху хэхам хэт, 503-нэ полкым и командир Бэгъуэт Къантемыр. Ахэр тепсэлъыхьащ ди зауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ защIэгъэкъуэнымкIэ, зыхуей-зыхуэныкъуэхэмкIэ ахэр къызэгъэпэщынымкIэ щыIэ Iэмалхэм.

АБЫ иужькIэ Борсэм зригъэлъэгъуащ «ПсэупIэмрэ къалэ щыIэкIэмрэ» лъэпкъ пэхуэщIэм хыхьэу «Шэджэмыр ипэкIэ мэбакъуэ» щIыналъэ пэхуэщIэм ипкъ иткIэ Шэджэм псы Iуфэм деж щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсар.

Мыбдежым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм и унафэкIэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм я «ЩIыхьым и аллее» щаухуэ. Абы хиубыдэу а щIыпIэм щагъэувынущ Хэкум и хъумакIуэхэм - Совет Союзым и ЛIыхъужьхэу Байсултанов Алимрэ Къуэныкъуей Назиррэ, дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, зауэ зэпэщIэувэныгъэхэм хэкIуэдахэм зыуэ щыт я фэеплъ.

Къалэдэсхэм я кIуапIэ хъуным хуэщIауэ яухуа мы щIыпIэм, «ТекIуэныгъэм и Парк» зыфIащынум, хуэфащэ увыпIэ фэеплъым щиубыдынущ. Ар зрагъэщIынур КъБР-м и цIыхубэ художник Катони Станиславщ.

Апхуэдэуи, гугъэ щыIэщ дзэ Iуэху хэхам хэт ди зауэлIхэм НАТО-м и Iэщэрэ техникэу щызэтракъутам, щызыIэрагъэхьам щыщ абдеж щагъэувыну.

АЛБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

Шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу

Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру щагъэзащIэ «ГъуэгуфI шынагъуэншэхэр» лъэпкъ пэхуэщIэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр. Автомобиль, цIыху зекIуапIэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр, щIэхэр ухуэныр нэхъыщхьэу зыхуэгъэпсауэ щытыр цIыхухэм я шынагъуэншагъэр гъуэгухэм къыщызэгъэпэщыныршщ. Абы хыхьэ Iуэхугъуэхэм ящыщщ лъэс лъагъуэхэр, гъуэгу дамыгъэхэр къыхэгъэщхьэхукIыныр, светофорхэр гъэувыныр, гъуэгум къыщекIуэкI хабзэхэр гъэзэщIэным цIыхухэр хуегъэсэныр, нэгъуэщIхэри.

КЪЭДГЪЭЛЪЭГЪУЭНЩИ, иужьрей илъэсихым къриубыдэу псори зэхэту километр 375-рэ зи кIыхьагъ автомобиль гъуэгухэр иджырей уэздыгъэхэмкIэ къызэщIагъэнэхуащ. Абы нэмыщI, республикэм щагъэзащIэ пэхуэщIэхэмрэ програмэхэмрэ япкъ иткIэ дызэрыт илъэсыр и кIэм нэсыху иджыри километр 75-м иджырей уэздыгъэхэр щыпадзэнущ.

Апхуэдэуи, псори зэхэту километр 18,5-рэ зи кIыхьагъ гъуэгубгъухэм гъущIым къыхэщIыкIа къэухьхэр щагъэуващ, гъуэгу дамыгъэу 1700-рэ трагъэуващ, зэхыхьэпIэ-зэхэкIыпIэу псори зэхэту метр мин 240-рэ зи кIыхьагъ къыхагъэщхьэхукIащ. Социальнэ мыхьэнэ зиIэ ухуэныгъэхэм ухуэзышэ гъуэгу зэпрыкIыпIэу 56-рэ къызэрагъэпэщащ. ЦIыхухэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщу, псори зэхэту километр 21-рэ зи кIыхьагъ лъэс лъагъуэхэр ящIащ. Гъуэгу щхьэдэхыпIэхэр жэщым тыншу уэзыгъэлъагъу дамыгъэхэри ягъэуващ.

Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым жыджэру щагъэув икIи къыщагъэсэбэп сурэтхэр, видеохэр тезых IэмэпсымэхэР. Апхуэдэуи, курыт еджапIэхэм сабийхэр щыхуаущий гъуэгухэм шынагъуэншэу щызекIуэн папщIэ щIапхъэхэм.

АЛЫДЖЫКЪУЭ Руслан.

Щхьэхыр узыфэщ

● ГъэщIэгъуэнщ

Щхьэхынэхэр бампIэгъуэщ: зралъэфыхьу, гукъыдэмыжу, щылъу, щысу, я Iэ къаIэтын къехьэлъэкI нэхъей. Ахэр ягъэукIытэн я гугъэу дзы фIащ е ягъэгушхуэ, зы хьэл-щэн ирагъэувэн мурадкIэ. Ауэ куэдым ящIэркъым щхьэхыр къызыхэкIымрэ ар зищIысымрэ.

ЩIЭНЫГЪЭЛIХЭМ къызэрахутамкIэ, щхьэхыр псантхуэм къефыкI щытыкIэщ икIи пасэрей зэманым (цIыхухэм шхэнрэ бэгъуэнрэ фIэкIа нэгъуэщI Iуэху щамыIа лъэхъэнэм) къэунэхуа щытыкIэщ. ЦIыхум Iуэху щищIэр зыгуэр щыхуэныкъуэм, а зыхуэныкъуэр нэгъуэщI зыми къыщыхуимыщIэм дежт. Iуэху ущимыIэм деж щхьэкуцIым «зыщIрегъэх», зыгъэпсэху, уи къару хъумэ жери, Iэпкълъэпкъым унафэ хуещI. Абы лъандэрэ ди щыIэкIэ-псэукIэм зихъуэжащ, цIыхур зыхуэныкъуэмрэ и Iуэхумрэ хэхъуэ зэпытщ, ауэ псантхуэм и лэжьэкIэм зыкIи зихъуэжакъыми, Iэпкълъэпкъым нэхъыбэрэ зригъэгъэпсэхуну хущIокъу.

Псалъэм папщIэ, сабийхэм куэд яхэтщ еджэну, тхэну, лэжьэну хуэмейуэ, щхьэхыу. Ауэ апхуэдэхэр нэжэгужэ дыдэу мэджэгу, дэзыхьэх Iуэхугъуэхэм яфIэфIыпсу пэрытщ. КъызэрыщIэкIымкIэ, апхуэдэ сабийхэм балигъхэм жаIэу куэдрэ зэхах «еджэным псыхэкIуадэ ищIа илъэс бжыгъэхэм», «ягу я псэм дэмыхьэ лэжьыгъэм гугъу зэрырагъэхьым» теухуа хъыбархэр. Ауэ щыхъукIэ, ижь-ижьыж лъандэрэ цIыхум ифI къэзылъыхъуэу къыдекIуэкI псантхуэм упщIэ къегъэув: «Уи фейдэ щыпымылъкIэ, гугъу ущехьынукIэ – умыщIэ, зыгъэпсэху!».

Ауэ щыIэщ гугъуехьышхуэ зыпылъ лэжьыгъэ гуэр игъэзащIэмэ абы фIыгъуэ къызэрыпэкIуэнур зыщIэхэр, къызыгурыIуэхэр, ауэ гукъыдэж имыIэу, лэжьыгъэр щIамыдзэфу. Апхуэдэхэм деж цIыхур зыгуэрым щышынэу арауэ жаIэ психологхэм: е къемыхъулIэнкIэ, е намыщIысынкIэ, е я лэжьыгъэр цIыхухэм ягу иримыхьынкIэ. Мы щытыкIэр нэхъыбэу зыхуэлъэр зыми хуэмеижым хуэдэу зи гур зыфIэкIуэдхэрщ (депрессие зиIэхэращ). Апхуэдэхэм дохутыр зрагъэплъмэ, психолог зрагъэлэжьмэ, псори зэхуэхъужынущ.

ЦIыхур ешами щхьэхынэ мэхъу. Ар жейкIэ иримыкъумэ, тэмэму мышхэмэ, кофе, тутын, фадэ ефэмэ, махуэм жейрэ жэщым лажьэмэ и къарур щIокIри, щхьэхынэ мэхъу. Апхуэдэ дуней тетыкIэм цIыхум и Iэпкълъэпкъыр зэрылажьэмрэ и гупсысэкIэмрэ ехъуэжри, никъуэдыкъуэ щыхъуи къыхокI.

ПсихологхэМ зэрыжаIэмкIэ, языныкъуэхэм деж щхьэхым лъабжьэ хуохъу и сабиигъуэм цIыхум и гур изыкъутыхьын гуэр и нэгу щIэкIамэ, зэхихамэ, «пщIэр хъуркъым, уеджэфкъым, ущIыкIафIэкъым, утеплъафIэкъым» жаIэурэ и жагъуэ ящIамэ.

Иужьрей зэманым ирагъэкIуэкIа къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ цIыхум лъатэ уз, гу уз иIэмэ, эндокриннэ системэр тэмэму мылажьэмэ, Iэпкълъэпкъыр махэ зэрыхъур. Ауэ щыхъукIэ, цIыхур лажьэурэ къыхуэнэжа гуащIэр щIэмыкIын, никъуэдыкъуэ мыхъун папщIэ, щхьэкуцIым «умылажьэ, щхьэх» жиIэурэ Iэпкълъэпкъыр къегъэдаIуэ.

КъищынэмыщIауэ, щIэныгъэлIхэм къыхагъэщхьэхукI гъэм и зэманхэм елъыта щхьэхыр. Псалъэм папщIэ, цIыхум витамин хуримыкъуу, и къарур щIэкIауэ гъатхэр къохьэ. Е, гъэмахуэр апхуэдизкIэ хуабэщи, зыри пхузэфIэкIыркъым, уомэх. Къэхутэныгъэхэм къагъэлъэгъуащ дунейр градус 23-м нэхърэ нэхъ хуабэмэ, цIыхум и лэжьэкIэм процента 4 зэрыкIэрыхур. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, нэхъ хуабэху, а бжыгъэр нэхъри хохъуэ. Ауэ щыхъукIэ, IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм я къалэнщ цIыхур щылэжьэфын, гъэщIыIэтыIа пэш къыхузэрагъэпэщыну, кондиционер, жьыху щIагъэувэну.

ФЫРЭ Анфисэ.

● Адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ

ТхыцIэм и щхьи и лъабжьи...

Кавказ Ищхъэрэм и КъухьэпIэ дахащэм ноби узыщрихьэлIэ адыгэ лъагъуэжьхэмкIэ дрикIуэну, хы ФIыцIэ Iуфэм ухуэзышэ гъуэгур къэтхутэн мурадыр диIэу, си адэ шыпхъум и къуэ Уэлджыр Заурэ сэрэ дызэхэзокIуэ.

РЫФЫБГ псыкъелъэхэм ухуэзышэ лъэсырызекIуэ лъэмыжым уфIэкIрэ, Щхьэгуащэ тIуащIэм удэту километри 2 хуэдиз удэкIуеижмэ, гъуэгукум телъу зы мывэжь урохьэлIэ. Абы цIэ зыбжанэ иIэщ. Адыгэхэр мывэ джейм ДжэгупIэжькIэ йоджэ.

Ипэхэм мы мывэм и Iэхэлъахэм шу зэпеуэ щрагъэкIуэкIыу щытащ икIи зэхьэзэхуэм къыщыхэжаныкIар мывэ дум псом япэ дэжейрт. Ар къызэхэулIэр адрейхэм ятекIуауэ къалъытэрт. НэгъуэщI IуэрыIуатэ хъыбари иIэщ ДжэгупIэжьым. Абыхэм ящыщ зым и гугъу фхуэтщIынщ.

ХъунщIакIуэ гуп, гъэрхэр ящIыгъуу, мы щIыпIэм блэкIырт. Абыхэм зы пщащэ цIыкIу къахэкIуэсыкIыжащ. Хъыджэбзым мывэм зыкъуигъэпщкIуащ. АрщхьэкIэ къыкIэлъыпхъэрахэм къащIащ ар абы зэрыкъуэсыр. Пщащэм, закъримыгъэубыдын щхьэкIэ, абдежым гъунэгъуу блэж псышхуэм зыхидзащ. Псым ар итхьэлакъым. Зы мащIэрэ ирихьэхри ныджэ пшахъуэм къытрихьащ. Абдежым псыкъелъэ иIэм и гъунэгъуу щыт чыцэ гуэрэныр гъэпщкIупIэ хуэхъуащ хъыджэбз цIыкIум. И гур къыщызэрыгъуэтыжыху а щIыпIэм щыIэри, бзылъхугъэр я деж кIуэжащ.

Щхьэгуащэ псыхъуэм дыдэту адэкIэ зы километр хуэдиз дыдокIуей, Дахэ станицэм дынэмысу ижьымкIэ телъ лъэмыжым докIри, Лагъуэнакъэ бгыщхьэ тафэ цIэрыIуэм дэкI гъуэгум дытохьэ. Ар, нашэкъашэу мэзылъэ джабэм здекIуэкIым, хуей гуэрым хуокIуэ. Абдеж нэгузыужьыпIэщ: Щхьэгуащэ псыхъуэр уи Iэгум илъым хуэдэу уолъагъу, къуэм зыдэзыубгъуа Дахэ станицэр, ЩхьэгуащэпсыМ и адрыщIкIэ къыщылъ мэзылъэ бгы екIуэкIыр, абы и щIыбагъ къыдэт къуршхэр - псори нэри псэри зыхьэхущ.

Адрей бгыхэм йопэгэкI дзакIэ-дзакIэу зэхэт ТхьэщIы Iуащхьэр. А бгы уардэр Лабэ ЦIыкIурэ Щхьэгуащэрэ я зэхуаку дэт шытхым и лъагапIэ нэхъ дахэхэм ящыщщ. Iуащхьэм и цIэр тIууэ зэхэтщ: «Тхьэ»-рэ, «щIы»-уэ. Аращи, «Тхьэ-щIы», «Тхьэм ищI» мыхьэнэрэщ къикIыр.

Мы зи гугъу тщIы хуейм цIыхухэри, машинэхэри, шыхэри щызэхэтщ. Шыхэр уанэгум исэу къэзыкIухьын зыфIэфIхэм папщIэ мыбдежым щаIыгъщ. Дэ ди гупыр зэи дымылъэгъуа Лагъуэнакъэ щIыпIэм дыхуэпIащIэрти, дэкIыным иужь дихьэжащ.

Зы бгыщхьэ шытхыр адрей шытхымкIэ зэрихъуэкIыурэ, гъуэгум гъэщIэгъуэну зеIуантIэ. Куэд дэмыкIыу сэмэгумкIэ зы испы унэ цIыкIу дрохьэлIэ. Илъэс мин зыбжанэ къызэзынэкIа фэеплъ хьэлэмэтыр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, теплъаджэ хъуащ. ИкIи туристхэр къезышэкI гъуэгугъуазэхэм ящыщ зым зэрыжиIам тетщIыхьмэ, «Блокпост» фильмым и пычыгъуэхэр а щIыпIэм щытраха иужь, испы унэр къекъутэхащ.

Мыбдежым Лагъуэнакъэ бгыщхьэ хъупIэхэм щыщIадзэ. Километр зэбгъузэнатIэ 650-рэ зыубыд тафэшхуэр Къущхьэхъу щIыпIэу ижьыжьыж лъандэрэ къагъэсэбэп. Мыбы къыщожьэ Кавказым и Ищхъэрэ-КъухьэпIэм и псы нэхъ удэзыхьэххэм ящыщ Щхьэгуащэ, Кхъужьыпс, Пщыхьэ, ЦIыцIэ, Шахэ сымэ. Иужьрейр Кавказыбгым и адрей лъэныкъуэмкIэ щожэх. ГъэщIэгъуэнщ мы хъупIэ телъыджэм Кавказ шытхышхуэм и лъэныкъуитIымкIи Iэщыр къызэрыщыдахур.

Иджы «Лагъуэнакъэ» цIэм теухуауэ. Адыгэ щIыпIэцIэхэм куэд щIауэ елэжьхэм хэти «Лэгъунэкъуэ» мыдрейхэми «Лэгъонакъ» жаIэ. «Лъагъуэ нэщI», «ЛъагапIэ-НэкIы» («ЛъагапIэ нэщI») зытхи щыIэщ. Языныкъуэ журналистхэм «Лъагъуэныкъуэ», «Лагъуэ-НакIэ» жызыIи къахокI. ЩIыпIэцIэхэр зэхуэхьэсыжыным илъэс куэдкIэ яужь ита Мэрэтыкъуэ Къасым зэритхыр «Лэгъунэкъэ» жиIэущ. ТхакIуэ цIэрыIуэ КIэрашэ Тембот къигъэсэбэпар «Лъэхъэнакъэ» фIэщыгъэщ.

АтIэми, щIыпIэцIэхэм уащыхэплъэкIэ, дэ дызэреплъымкIэ, къэлъытапхъэщ, адыгэхэм нэмыщI, Iэхэлъахэм абазэхэри убыххэри зэрыщыпсэуар. ИкIи зи гугъу тщIы щIыпIэцIэм и къежьэкIэ хъуар къызэрыдгурымыIуащэм къыхэкIыу, хуагъэфэщахэм ящыщ зым, «Лагъуэнакъэ» жыхуиIэм, дыкъытеувыIащ.

Асфальт гъуэгу нашэкъашэмкIэ иджыри километр зыбжанэ дрикIуэу Азыш щхьэдэхыпIэм дыщыфIэкIым, зи теплъэр дахащэ щIыпIэ гуэрым дынэсащ: Щхьэгуащэрэ Кхъужьыпсрэ я зэхуаку дэт Хы Мывэ (Мыжъохы) тхыцIэм дыкъытехуащ. Бгым зыщызыплъыхьхэм я нэхъыбапIэр мыбдеж къыщоувыIэ. Гугъу уехьу мыбы нэс укъыщIыдэкIуеяр псэкIэ зыхыбощIэ. Дызытет тхыцIэм и щыгу тафэм псыгъуэу зеукъуэдий, пхраша гъуэгури нэхъ захуи бгъуфIи щохъу. Лъэсу ущрикIуэкIэ, нэм къиплъыхьым узыIэпешэ. ИжьымкIэ зи щIэр умылъагъу къуэладжэ куу къыщылъщ. Ар Кхъужьыпс и псыщхьэхэрщ. ТIуащIэм адэкIэ къэлъагъуэ джабэ екIуэкIыр зэрылъагэм и мызакъуэу икIи мэзыншэщ. Жыг гуэрэн здэщыIэу гу зылъыптэр бгыщIэм кIэрылъ уэсхэмрэ адэ-мыдэкIэ къыщызыпхив псынэхэмрэ къагъэщI псыежэх мащIэхэр щежэх къуэкIий цIыкIухэрщ.

Гъэмахуэкуми, джабэ нэкIу щхъуантIэм щIыпIэщIыпIэкIэрэ хужьыпсу къыщыхолыдыкI уэсыр. Кхъужьыпс адрыщIкIэ тафэщ, Къущхьэхъум зэрыщыхабзэу къуэкIий-къуэкIийхэмкIэ зэпрыхулыкIыжауэ.

Хуиту ущызекIуэ хъу гъуэгур абдежым щеух. АдэкIэ укIуэцIрыкIын папщIэ пщIэ щIэптын хуейщ. КъинэмыщIауэ, зи лъащIэр лъагэу Iэта машинэхэм нэмыщI адрейхэр щызекIуэфыркъым.

Жыжьэу уплъэмэ, Уэщтенэ бгыр уолъагъу. Ар Фыщт ищхъэрэкIэ щыIэщ. Дызытет шытхыжьым и сэмэгурабгъур щыхупIэ задэщ. Заурэ дэрэ мы ди зекIуэм и къыкIэлъыкIуэ махуэм, ГъуазэрыплъкIэ дыкъикIыу, лъэсу абы дыкъыхуэкIуэнущ. Ауэ нобэкIэ хэщIапIэ тхуэхъун къэтлъыхъуэн хуейт. Бгыщхьэм дыкъинэну дытегушхуакъым, жэщым жьы къыщепщэу жаIати.

Пшапэр зэхэуэным сыхьэт фIэкIа къэмынэжауэ, Гъуазэрыплъ жылэ цIыкIум дынэсащ. Ипэгъэм елъытауэ, зекIуэным мы илъэсым нэхъ дыхуэхьэзырт: чэтэн унэ цIыкIур тIыгът, губгъуэм ущипщэфIэным хуэщIа лъэгъупыIэмпIэхэмкIи дызэгъэпэщат. ИкIи гъуэгу дыкъыщытехьэм фэтэр къэдмылъыхъуэну дигу итлъхьати, къуажэкIэмкIэ щыIэ хуей дахэшхуэу уэздыгъей уардэхэмкIэ къэухъуреихьыжам «дыщепсыхащ».

ПсынщIэ-псынщIэу унэ цIыкIур къэдухуэри, мафIэ зэщIэтщIащ, шыуанри пыддзащ. Дэри зыдгъэщIыIэтыIэну Щхьэгуащэпс дыдыхьащ...

Пшапэри зэхэуащ, кIыфIи хъуащ. Ауэ дэ абы зыкIи дигъэгузавэртэкъым. ЗэщIэдгъэста мафIэм нэху къищIыжа Iэгъуэблагъэр псэгъэтыншыгъуэ гуэрым зэщIиIыгъэрт. Дызигъунэгъу жыгышхуэхэри къыдэдхащIэ хуэдэт. Гъунэгъубзэу ех псышхуэм и ушэ макъри псэм и гуапэт. КIыфIым тIэкIутIэкIуурэ хэкIуасэ псым адрыщIкIэ къыщылъ мэзышхуэми «щхьэукъуэн» щIидзат...

Нэху дыкъекIащ. ЩIыуэпсым и курыкупсэм ухигъэсыхьу, гущэкъукIэ зыгуэрым ущыщIиупскIэ хуэдэт. Дыгъуасэрей ешым и лъэужьи къытхэмынэжауэ, махуэщIэм дыпежьащ. Пщэдджыжьышхэр зэфIэкIри, Заурэ дэрэ дежьащ.

Дыгъэм дыкъызэщIигъэплъауэ дэгъэзеигъуэ защIэкIэ сыхьэтитI хуэдиз дыкIуауэ, «шкIур-шкIур» жригъэIэу къежэх псынэпс щIыIэтыIэ гуэр дрихьэлIати, хуабжьу дыщыгуфIыкIащ. Мывалъэ къуэ цIыкIум псынщIэу зыдэддзэри, псылъэ тIыгъхэм ярытыр зэтхъуэкIащ, дэри абдежым дыщетIысэхащ, шэджэгъуашхэ щытщIын мурад диIэу.

Псы къабзэ цIыкIум фIыуэ дыкъигъэщIыIэтыIауэ, гъуэгуанэ къэлътмакъхэр яIыгъыу щIалитI къыдихьэлIащ. Ахэр Москва щыщт. Кавказым и щIыуэпсым зэрыдихьэххэм къыхэкIыу, лъэсу АдыгеймкIэ икIыу хы ФIыцIэ Iуфэм хуэкIуэну я мураду арат.

Къытхуэза щIалитIым ядэтлъэгъуа лIыгъэр дгъэщIэгъуащ: мы щIыпIэхэр зрагъэцIыхун папщIэ Урысейм и кум нэс къикIащ, лъэсу хы ФIыцIэ Iуфэм екIуэлIэн гугъэ яIэу.

Иджыри сыхьэтитIкIэ дрикIуауэ, гъуэгум и кIэр къэлъагъуэу хуежьащ. Дыгъуасэ Лагъуэнакъэ дыщыдэкIам, адрей лъэныкъуэмкIэ зи джабэ дызытета, иджы мыдрей и лъэныкъуэмкIэ дызыхуэкIуэ Хы мывэ бгы екIуэкIри, абы къыхэщхьэхукI Нагъуэ къущхьэ лъагапIэжьри нэхъ гъунэгъу къытхуэхъуащ. ГъуэгубгъуитIымкIи къыщыт мэзыр зэкIэщIэкIуэтри, хуей дахэшхуэм и курыкупсэм ит, зи бгъуагъыр метри 100-м нэблэгъэн хыжьейм дрихьэлIащ.

Гугъу дехьу километр 18-кIэ дыкъыщIыдэкIуеяр къыдгурыIуэжащ дахагъэр щытепщэ щIыпIэм дыкъызэрыщыхутэу. ДыкъызыщхьэпрыкIа мэзхэми аддэ жыжьэу къэлъагъуэ уэсылъэ бгыжьхэми дызыIэпашэрт. Псы хъурейм и адрей лъэныкъуэмкIэ щыIэ джабэ нэкIум лъэс лъагъуэ закъуэ дэкIырт. Уэздыгъей, пхъэхуей жыг закъуэтIакъуэхэр зыкIэрыт, кIуэ пэтми нэхъ задэ хъу, щхъуантIагъэм иуфэбгъуа джабэр ищхьэхэмкIэ къыр мывэ дзакIэхэм хуэкIуэжырт. Ар Нагъуэ къущхьэ щыхупIэжьым и IуплъапIэт.

Псы хъурейм и Iуфэр тафэт, IухьэпIэхэри иIэу. Дыгъэ бзийхэр гуапэу зыхэпсэ псы къабзэм и нэзхэм бдзэжьей цIыкIу гуэрэнхэр хуэмурэ щесырт. Псы щхьэфэм ущхьэпрыплъмэ, адрей Iуфэм уэздыгъей жыг закъуэ, псыгъуэ кIыхь хъужауэ Iутт. Арагъэнщ мы псым «Уэздыгъей закъуэм и гуэлкIэ» щIеджэри. А цIэм нэмыщI, псы хъурейм «Партизан гуэлкIи» йоджэ. Хъыбар щыIэщ Хэку зауэшхуэм и зэманым нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм япэува партизанхэм мы щIыпIэр хэщIапIэу яIауэ.

МызыгъуэгукIэ дэ къэдмыгъуэта щхьэкIэ, шэч хэмылъу, псы хъурейм адыгэбзэкIи цIэ гуэр иIэщ. КъыхэдгъэщыНу дыхуейт мы гупсысэри - дызрикIуэ лъагъуэм и кIыхьагъкIэ зы дакъикъи дигу ихуакъым мы щIыпIэ дахэкIейхэр ди лъэпкъым ауэ сытми фIырыфIкIэ зэримыбгынар. Ар щIыжытIэр адыгэхэр езыр-езыру хэкум икIауэ, зэгурыIуэ-зэрыIыгъ яку дэмылъауэ зыIуатэхэри зэрыщыIэрщ.

Дыхуейт апхуэдэхэм Урысейм и зауэ тхыдэтх Эсадзе Семён 20-нэ лIэщIыгъуэм ипэхэм и Iэдакъэ къыщIэкIа «Ищхъэрэ-КъухьэпIэ Кавказыр къызэрыдзэурэ илъэс 50 щрикъум ирихьэлIэу» жыхуиIэ и тхылъым ит сатырхэмкIэ пэгъуэкI еттыжыну: «Иджы апхуэдиз илъэс дэкIа иужь къэтлъытэжми ягъэ кIынукъым шэрджэсхэм (адыгэхэм, абазэхэм, убыххэм) къагъэлъэгъуа лIыгъэр, я хэкум хуаIэу щыта лъагъуныгъэр зыхуэдизыр».

Апхуэдэуи абы и тхылъым итщ: «Бгырысхэм езэуа ди дзэлIхэм ягъэунэхуауэ ятхыжахэм ущриплъэжкIэ, гу лъыботэ икIи умыгъэщIэгъуэн плъэкIыркъым шэрджэсхэм я щIыпIэм и зы дэтхэнэ къуэгъэнапIи къагъэсэбэпыфу зэрыщытар. ДэнэкIэ зигъазэми, адыгэр тыншу иригъуазэт лъагъуэхэм, къуэладжэхэм, бгы цIыкIухэм. Псынэ цIыкIу нэгъунэ, цIэ зимыIэ зыри яхэттэкъым... Я гугъэщ адыгэ лIакъуэхэр зэкIэлъымыгъуазэу, зэрымыIыгъыу щытауэ. Дэ абыхэм дащезауэм куэдрэ гу лъыттэрт абазэхэхэм убыххэр къазэрыбгъэдэувэм, ди теуэгъуэ къэси псынщIэу зэрызэрыгъуэтым. Апхуэдэ зэхущытыкIэ адрей лIакъуэхэми я зэхуаку дэлът».

Сытми мы иджырей ди зекIуэм и «лъагапIэ» нэхъыщхьэу щыт хыжьей дахэр зэрыт хуеишхуэм Заурэ дэрэ дыщепсыхри, зыдгъэпсэхуащ, псыми зыщыдгъэпскIащ. Апхуэдизу а щIыпIэр дигу ирихьати, жэщ щитхыну дыхуейт. АрщхьэкIэ ди хьэпшыпхэр къыщыдгъэна Гъуазэрыплъ къуажэкIэм щыIэ бжьэпэм дехыжмэ нэхъыфIу къэтлъытащ. ИкIи машинэшхуэ гуэр къыдихьэлIэри, дыкъызрикIуа километр I8–м абыкIэ тыншу дыкърищэхыжащ. ЕтIуанэ пщэдджыжьым Мейкъуапэ дгъэзэжащ.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

Таурыхъым ухэзышэ макъ

Сосмакъ Валентинэ къыззэралъхурэ илъэс 90 ирокlу

Зи макъ дахэмрэ зи утыку итыкlэ еklумklэ цlыхухэм ягу къинэжа уэрэджыкlакlуэ цlэрыlуэ, Урысей Федерацэм щыхъ зиlэ и артисткэ Сосмакъ Валентинэ Шамсадин и лъхъур 1934 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м Лэскэн районым хыхьэ Анзорей къуажэм къыщалъхуащ. Пасэу наlуэ хъуат хьыджэбэ цlыкlум макъ зэригъэ - абы уэрэд щыжиlэрт школым и художественнэ самодеятельностым, еджакlуэхэм я хорым, клубым, нэгъуэщl lэхъущlапlэхэм щеklуэкl пшыхьэм, зэхыхьэхэм утыкур щигъэдахэрт.

*Валентинэ и унагъуэр здэlэпхъуэ Ерокъуэ къуажэм зэгуэр Налшык къикlри къэкlуат ВКП(б)-м и обкомым щэнхабзэмкlэ и къудамэм и лэжьакlуэ гуп, республикэм и цlыпlэ пхыдзахэм зэчий зыбгъэдэлъ ныбжыщlэхэр къыщалъхуэу. Хьэщlэхэм занщlэу гу лъыпlэ хъыджэбз щэху цlыкlум къыдалъхуэу иlэ макъ гъэщlэн икlи жэлащ. Гъмlэ имыlэу уэрэджыкlакlуэ lэзэ абы къызэрыхкlынур. Ахэр щымыlэуэ къыщlэкlам и закъуэкъым, хъыджэбзцlыкlуэ ящыгъупщакъым. Курыт школыр къызэрихуэу Валентинэ ирагъэблагъэщ. Уэрэдымрэ къафэмкlэ къэрал ансамблым (иужькlэ «Кабардинка» хууам). Илъэс 18 иримыкlуауэ къащта бзылъхугэ цlыкlур илъэсрэ ныкъуакlэ хэтащ гупым уплахэ кърату, ауэ утыкум къимыхьэу. Къэбгъэлъагъэмэ, апхуэдэу яlыгъахэм ящыщщ къафакlуэ цlэрыlуэ абы хэта Алэжьей Мухьамэдин. А зэманыр пщlэнщыу кlуакъым Валентинэ и деятельнкlэ, абы къыдэлжьащ оперэ уэрэджыlакlуэу щыта Лисовская Любовь, пианисткэ Першинэ Валентинэ, Уэрэдымрэ къафэмкlэ къэрал ансамблым и унафэщl, дирижёр Орлов-Шуэным Аристарх сымэ.

Къуэдым зи гугъу ящыжа зы lуэхугъуэ сэри щэджыкlакlуэхэм ягу къэкlыжыкынут. Усакlуэ цlэрыlуэ Кlуащ Бетlалрэ композитор Шейблер Трувррэ зы акт хъууэ здэтха «Нартхэр» оперэ-балетыр яlэу Москва щагъэлъэгъуат Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухъэрэ илъэс 400 зэрырикъур дэ къэралым и къалащъхьэ щыщэгъэлъэлам щыгъуэ. Сосмакъ Валентинэ абы щигъэзэщlат Сэтэней и ролыр. Театр иным щагъэлъэгъуа а лэжьыкlэхэр щlадлэр гуэздэжьм фlыуэ хэзыщlыкlэхэм тельыджэу къалъытат, Валентинэ «И гуащlэкlэ къызэрыхэжаныкlам папщlэ» медалыр къыхуагъэфэщат. Жылlэныгъэмэ, а 1957 гъэр Валентинэ хэушъэрапlащ. Абы иужькlэ мызэ-мытlэу ар щыlакъ къэралым и къалащъхьэмэ, дуней гъэр ансамблым и гъусэу къызэкlуlуэкlащ. Ежьэгъуэ къэси гу къыlэмыгъэу къэнэрэтэкъым зи макъыр тельыджэ уэрэджыкlакlуэм. Псалъэм и хьэтыркlэ, Кремлым и уардэнэм щыжиlа уэрэдым и унэкlэ абы къыбгъэдыхьащ композитор икlи дирижёр Кабалевскиr Дмитрий. И зэчиймрэ гъуэздэжь хуищl хэлъхьэныгъэмэ папщlэ фlыщlэ къыхуищlа нэужь, абы жилащ адыгэ уэрэдхэм нэхърэ нэхъ дахэ зэрызэхимыкlар. Пятницкэм и цlэр зезыхьэ хорым хэтэри ягъэцlакlуэ.

Гъуэгурыкlуэ Валентинэ апхуэдизу макъамэр зэрыдгришейфыр, куэд дыдэрэ мыбдежу зэрыщытыфыр. Зыкиныб Людмила адыгэ гъэм Налшык дэт макъамэ училищэм уэрэджыкlакlуэхэр щагъэхьэзыр и куэдмэр къэзухри, радио комитетым Мыз Борис лэжьапlэ сыкъинщтат. Мис а зэманым къыщыщlэдзауэ сцlыхуау Валентинэ. Апхуэдэуи садэлэжьащ Мэремыкlуэ Хъусен, Уэтэр Омар, Алтуевэ Зое сымэ, нэгъуэщlхэми. Ди республикэм и районхэм, къуажэхэм дыкlуэрт концертхэр тшэурэ, Тlыхъужь Алий, Къаздэхъу Сулътlан сымэ, ди лъэпкъ театрым и адрей артист нэхъыбжьхэми щlэх-щlэхыурэ гъусэ дахуэхъурт. Пхужьмыlэныем хуэдизщ абыхэм гукъэкlыжрэ гуапагъэ къытхэхъапэ. Здэкlуар увыlэпlэ дахэ яхуэхъуну си гуапэщ.

Валя сытым дежи ди яп этт, дигъэгушхуэу. Егъэлеяуэ гушыlэрейти, убгъэдэсыну, удэуэршэрыну гухэкъуэт. Щlэщ-щlэхыурэ и шыпхъум инхъу ныщlыкъэрт радиом. Дахагъэ зэрызыхищlэр, здэкlуар увыlэпlэ дахэ яхуэхъуну си гуапэщ.

Валя сытым дежи ди яп этт, дигъэгушхуэу. Егъэлеяуэ гушыlэрейти, убгъэдэсыну, удэуэршэрыну гухэкъуэт. Щlэщ-щlэхыурэ и шыпхъум инхъу ныщlыкъэрт радиом. Дахагъэ зэрызыхищlэр, макъамэм зэрыдихьэкlэр дгъэщlагъуэрт. Ар, шэч хэмылъу, зи фlыгъэр Валентинэт. Сыт хуэдэ lэхъу пэрымыкъуами ар япэт, нахъыкфlу къызэхъулlэн щыlэнкlи хъунутхъакъым. Зеиныб дыхъуа Валя дунейм зэрехьэжрэ жьыпlэмэ, ауэ сытми дыхъуа. Зэи къалъхужьныкъым абы хуэдэ. Пэжыкъым и набдзэт, узэрыгушхуэ хъун цlыхушхуэт.

Къарым Иринэ, *Къэрэшей-Шэрджэс, Ингуш республикэхэм я цlыхубз артисткэ:* - 1981 гъэм макъамэ училищэр къэзухри эстрадэ уэрэдхэр жысlэн щlэздзат. Цlэрыlуэ дыдэ сымэ зыщlэкlуэ, уэрэджьыблэкlуэ къэунэхуат, ди республикэм иджыри щыжамыlа гуэрхэр игъэзащlэу. Пэжьапlэ сагъэкlуэу радиомрэ телевиденэмрэ я пэшыышхъэм, хорыр щылажьэм, япэу сыщlыщlыхьар нобэ хуэдэу сощlэж. Нэхъыжьхъэм - Валентинэ, Алтуевэ Зое, Уэтэр Омар, Къашырыгъэ Билал, Новиков Нинэ, Беплаев Сергей сымэ - гуапэу сызэрыгъэзэлъэгъар зэи сщыгъупщэжьынукъым. Гуфlэжы къызэрыспежьам хуэдэ дыдэу зэпымыууэ къызэдгъэзэщlар Валя, сигъэгушхуэу, къысщlхьэщlыжу, къызэдзэпыкъуу. Апхуэдизкlэ гу псэкlуэгъэ къызэтащ сэ а цlыху дыщэжьым, пхужьмыбэн хуэдизщ, япщыкъуауэ зэрыщlагъар, нобэ абы хуабжу зэрыхэупсэ къуэр, ауэ, зэрахуэзэфlэкlкlэ, и лэжьыгъэм зэрыпащэр.

Мыд Мадинэ Гъуазджэхэм-кlэ Кавказ Ищхъэрэ Къэрал институтыр къызэрызэlуахэр щылэжьащ: япэщlыкlэ хор дирижировавэмкlэ кафедрэм и унафэщlу, иужькlэ театр факультетымрэ заочнэу еджэхэм я факультетымрэ я деканэу. Къищынэмыщlауэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и хорым и унафэщlу щытащ. Зэрылэжьа пlалъэм кърибудзу Мыд Мадинэ зыкъигъэлъэгъуащ жэуаплинныгъэ ин зыпылъ унафэщlу, хор гъуазджэм и лэжьакlуэ нэсу, къызэгъэпэщакlуэ Iэкlуэлъакlуэу. И лэжьэгъуэхэми, и студентхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псом щыпсэууэ макъамэ гъуазджэм я лэжьакlуэхэм я пщlэ къилэжьащ абы. Мадинэ къэзыщlыхуу щытахэм ягу кьинэжащ щlэныгъэ зыбгъэдэлъ цlыху гуапэу, гъэщlэгъэнэу, лэжьэгъу набдзэгубзаплъэу, чэнджэщэгъуфlу.

- Мадинэ институтым къэкlуат ар къыщызэlуаха илъэсым. Саратов къэрал консерваториер, Собиновым и цlэр зезыхьэр, фlы дыдэу къиухри ди щlыналъэм къыгъэзэжат. Цlыху нэжэгужэу, и теплъэкlи и хьэл-щэнкlи зэрыдахэм узыlэпишэу апхуэдэт. Институтым къыщызэдгъэпэщ зэхыхьэхэм Мадинэ сыт щыгъуи жыдэжру хэтт. Абыхэм щытраха нэтынхэмрэ сурэтхэмрэ нобэ куэду докъумэ. И хорым и зэрыкlэкlэри гъунэншэт. 2014 гъэм Сочэ къалэм щекlуэкlа дунейпсо олимпиадэм Мадинэ и унафэм щlэт хорыр зэрыхэтам папщlэ Путин Владимир Фlыщlэ тхылъ рэ медалрэ къыхуиlэхьат, - жиlащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым (СКГИИ) и ректор, гъуаздж щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Рахаев Аматэлэ. - Мадинэ дигу кьыщыдгъэкlыжкlэ, гур хэзыгъэхъуэ и дыхьэшх макъыр си тхъэкlумэм итщ. Абы иригъэджахэм я насып къиклат. Макъамэр фlыуэ зыlъагъуэ щыта Мадинэ зэи тщыгъупщэнукъым.

- Къыззэрыгукl адыгэ унэгъуэм къыщыхъуа Мадинэ тхуэуаруэ фlы куэд жыпlэфынущ. Ди лэжьэгъуэ куэдрэ мыхъуу, ар икlи чэнджэщэгъуэ lущт. Институтыр, абы щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ, и lэнатlэр фlыуэ илъагъуу, дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэ къыхуэзыгъэхьат lэщlагъэлlу щытащ ар. Студентхэми Мадинэ зыхэлъхьэ щымыlэу фlыуэ кьалъагъурт. Ди щlынальэм и хор гъуазджэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфlэкlэ хуиlащ, - жиlащ институтым и кафедрэм и унафэщl, профессор Щауэщlыкlу Людмила. - Пшыхьым къекlуэлlэхэм ящыщу Мадинэ и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ фlэхъуэ гуапэкlэ зыфхуэзгъэзащэ. Дыгъэм и нуррэ хуабагъэкlэ гъэнщlа, абыкlэ и хъурей-гъым ядэгуашэ цlыхуу дигу кьинэжащ Мыд Мадинэ.

Зэlущlэм къыщыпсэльащ УФ-м и цlыхубз артисткэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЮНЕСКО-м Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкlэ и дунейпсо советым хэт, институтым уэрэджыкlакlуэ гъуазджэмкlэ и кафедрэм и унафэщl, профессор Гъэсашэ Наталье, институтым и кафедрэм и унафэщl, профессор Балъкъэр Тамарэ, Тырныауз къалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школым и унафэщl Ридингер Наталье, Налшык къалэм дэт Музыкэ сабий школ №92-мрэ №3-мрэ я унафэщlхэу Уэсмэн Марьянэрэ Хъэлуэ Маритэрэ.

Пшыхьым папщlэ къызэрагъэпэща концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ и колледжым и къудамэм и егъэджакlуэ, лъэпкъыбзэ зэпеуэхэм я лауреат, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыкlакlуэ Саенкэ Евгение, институтым оркестр Iэмэпсымэхэмрэ камернэ ансамблымрэ, концертмейстер Iэзэгъэмкlэ и кафедрэм и унафэщl, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм щыхъ зиlэ и артисткэ, лъэпкъыбзэхьэзэхуэкlэ я лауреат Мокаевэ Алинэ, фортепианэмрэ методикэмкlэ кафедрэм и егъэджакlуэ нэхъыжь, урысейпсо лауреат Хьэгъундокъуэ Аидэ, институтыр къэзыуха уэрэджыlакlуэ Жабоевэ Замирэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артист Бэч Азэмэт, Музыкэ театрым и уэрэджыкlакlуэхэм, институтым и хорым илъэс 30-рэ хэхуэ щlэнхабзэмрэ студентхэм. Пшыхьым щагъэзэщlащ Чайковскиr Пётр и лэжьыгъэ цlэрыlуэхэм щыщ. КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтымрэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ и колледжымрэ я хорхэм зэдагъэзэщlащ Хосровэ Тамерлан Мыд Мадинэ хуитха Iыхьилгл хъу сюитэр. Дирижёрыр КъБР-м и Музыкэ театрым и хормейстер нэхъыщхьэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым уэрэджыкlакlуэ гъуазджэмрэ дирижировавэмкlэ и кафедрэм и егъэджакlуэ Дзыгъуанэ Заретэщ.

2018 гъэм накъыгъэм и 4-м егъэджакlуэр зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. 2018 гъэм щэкlуэгъуэм, институтым и щэныгъэхэмкlэ и советым хэтэхэм я унафэкlэ, Мадинэ и фэеплъу, ар щылэжьа хор класхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и дирижёрэхэм я зэпеуэ абы къэзыргъэпэщащэ абрэ и цlэр зэрахьэ. Къыжьlапхъэщ, Мыд Мадинэ къызэралъхурэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлlэу институтым и сценэм къыщlэкlащ.

Пшыхьыр къызэрагъэпэщащ Мыд Мадинэ и лэжьэгъухэм, институтым и егъэджэныгъэ къудамэм и унафэщl, лъэпкъыбзэ зэпеуэхэм я лауреат Жэплуевэ Лейлэ я пашэу. Абы зыкъраГъэхьэлlащ Мадинэ и лэжьэгъуу, и лэжьэгъуэ щlэпхъэджэхэу къызэрыкlуам зэрыпыщlар, **маркировкэхэр темыту адэкlэ ирагъэкlын мурад яlэу**.

ДЗЭПЫКЪУЭ районым къыщагъэтащ фадэхэкl нэпцlхэр щэхуу щагъэхьэзыр цех. Абы къыщыгрохащ ирагъэкlыну хьэзыр, спиртхэкl зэрыт, федеральнэ маркэхэмрэ акцизхэмрэ зытемыт птупхэ мини 7,8-м щlигъу, сом мелуани 2,3-м щlигъу и уасэ.

Уголовнэ lэхъу къэлэтащ УФ-м и УК-м и 171-нэ статьям и 2-нэ lыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткlэ. Апхуэдэ щlэпхъэджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскlэ ягъэтlыс.

Редактор нэхъыщlхьэм и къуэдзэ **ШИРДИЙ Маринэ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Жыласэ Заурбэч (*редактор нэхъыщlхьэ*), **ЖъэкlэмыкIуэ Маринэ** (*унафэщl-редактор*), **Къаншокlуэ Эллэ** (*жэуап зыхь секретарь*), **Къардэн Мариэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщIэпыджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иэз.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщlхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщl-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкlэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ lуэхухэмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащlэмрэ экономикэмкlэ - 42-57-59; щэнхабзэмкlэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ - 40-15-31; хъыбарыщlэхэмрэ спортымкlэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ lэнатlэхэм ядэлэжьынымкlэ - 42-60-53; зэдзэкlакlуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-22-66; компьютер lэнатlэм - 42-26-41; сурэттехнэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэ хъумэныкlэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ lуэхущlапlэм ятхащ

ПИ № ТУ07-00117-м щlэту.

Къыдэзыгъэкlыхэмрэ редакцэмрэ я хэщlапlэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Ленинным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1 489
Заказыр №2595

12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаlэта lуэхугъуэхэм я пэжагъэмкlэ ахэр зытехьэхэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я lуэху еплъыкlэр зэтехуэ зэпыту щытхъум.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьынкъым и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщlэныгъэхэмкlэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКIЫГЪУЭМ ЕлЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Джатокъуэ Марьянэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Иннэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(2, 3-нэ нап.).*

Компьютеркlэ газетым и теплъэр ящlащ **Ныр Саидэ, Щомахуэ Маринэ.**

Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щыгтрадзащ.

357600, Ставрополь край, Есэнтlыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Iэ тредзэн хуейщ схьыэт 20-нм, щыградзар схьыэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокl.

● Пшыхьхэр

Дыгъэм и нуррэ хуабагъэкlэ гъэнщlат

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и кафедрэм и унафэщl, Ингуш Республикэм гъуазджэхэмкlэ щlыхь зиlэ и лэжьакlуэ Нало Людмилэ. Абы жиlащ Мадинэ къыздалэжьахэмэрэ иригъэджэхэмэрэ, арэзыщlыкlуэ щытахэм зэхыхьэм зэрызыкъарагъэхьэлlар гуапэ зэрыщыхъар, илъэсих и пэкlэ я лэжьэгъуэ игъуэ нэмысу дунейм зэрехьэжар гущlыхьэ ящыхъуауэ зэрыщlагъар, нобэ абы хуабжу зэрыхэупсэ къуэр, ауэ, зэрахуэзэфlэкlкlэ, и лэжьыгъэм зэрыпащэр.

Мыд Мадинэ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ Къэрал институтыр къызэрызэlуахэр щылэжьащ: япэщlыкlэ хор дирижировавэмкlэ кафедрэм и унафэщlу, иужькlэ театр факультетымрэ заочнэу еджэхэм я факультетымрэ я деканэу. Къищынэмыщlауэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым и хорым и унафэщlу щытащ. Зэрылэжьа пlалъэм кърибудзу Мыд Мадинэ зыкъигъэлъэгъуащ жэуаплинныгъэ ин зыпылъ унафэщlу, хор гъуазджэм и лэжьакlуэ нэсу, къызэгъэпэщакlуэ Iэкlуэлъакlуэу. И лэжьэгъуэхэми, и студентхэми, Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, Кавказ Ищхъэрэ псом щыпсэууэ макъамэ гъуазджэм я лэжьакlуэхэм я пщlэ къилэжьащ абы. Мадинэ къэзыщlыхуу щытахэм ягу кьинэжащ щlэныгъэ зыбгъэдэлъ цlыху гуапэу, гъэщlэгъэнэу, лэжьэгъу набдзэгубзаплъэу, чэнджэщэгъуфlу.

- Мадинэ институтым къэкlуат ар къыщыхьэзыlаха илъэсым. Саратов къэрал консерваториер, Собиновым и цlэр зезыхьэр, фlы дыдэу къиухри ди щlынальэм къыгъэзэжат. Цlыху нэжэгужэу, и теплъэкlи и хьэл-щэнкlи зэрыдахэм узыlэпишэу апхуэдэт. Институтым къыщызэдгъэпэщ зэхыхьэхэм Мадинэ сыт щыгъуи жыдэжру хэтт. Абыхэм щытраха нэтынхэмрэ сурэтхэмрэ нобэ куэду докъумэ. И хорым и зэрыкlэкlэри гъунэншэт. 2014 гъэм Сочэ къалэм щекlуэкlа дунейпсо олимпиадэм Мадинэ и унафэм щlэт хорыр зэрыхэтам папщlэ Путин Владимир Фlыщlэ тхылъ рэ медалрэ къыхуиlэхьат, - жиlащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым (СКГИИ) и ректор, гъуаздж щlэныгъэхэмкlэ доктор, профессор Рахаев Аматэлэ. - Мадинэ дигу къыщыдгъэкlыжкlэ, гур хэзыгъэхъуэ и дыхьэшх макъыр си тхъэкlумэм итщ. Абы иригъэджахэм я насып къиклат. Макъамэр фlыуэ зыlъагъуэ щыта Мадинэ зэи тщыгъупщэнукъым.

- Къыззэрыгукl адыгэ унэгъуэм къыщыхъуа Мадинэ тхуэуаруэ фlы куэд жыпlэфынущ. Ди лэжьэгъуэ куэдрэ мыхъуу, ар икlи чэнджэщэгъуэ lущт. Институтыр, абы щылажьэхэмрэ щеджэхэмрэ, и lэнатlэр фlыуэ илъагъуу, дэтхэнэми бгъэдыхьэкlэ къыхуэзыгъэхьат lэщlагъэлlу щытащ ар. Студентхэми Мадинэ зыхэлъхьэ щымыlэу фlыуэ кьалъагъурт. Ди щlынальэм и хор гъуазджэм и зыужьныгъэм хэлъхьэныгъэфlэкlэ хуиlащ, - жиlащ институтым и кафедрэм и унафэщl, профессор Щауэщlыкlу Людмилэ. - Пшыхьым къекlуэлlэхэм ящыщу Мадинэ и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ фlэхъуэ гуапэкlэ зыфхуэзгъэзащэ. Дыгъэм и нуррэ хуабагъэкlэ гъэнщlа, абыкlэ и хъурей-гъым ядэгуашэ цlыхуу дигу кьинэжащ Мыд Мадинэ.

Зэlущlэм къыщыпсэльащ УФ-м и цlыхубз артисткэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артисткэ, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ЮНЕСКО-м Гъуазджэмрэ щэнхабзэмкlэ и дунейпсо советым хэт, институтым уэрэджыкlакlуэ гъуазджэмкlэ и кафедрэм и унафэщl, профессор Гъэсашэ Наталье, институтым и кафедрэм и унафэщl, профессор Балъкъэр Тамарэ, Тырныауз къалэм Гъуазджэхэмкlэ и сабий школым и унафэщl Ридингер Наталье, Налшык къалэм дэт Музыкэ сабий школ №92-мрэ №3-мрэ я унафэщlхэу Уэсмэн Марьянэрэ Хъэлуэ Маритэрэ.

Пшыхьым папщlэ къызэрагъэпэща концертым зыкъыщагъэлъэгъуащ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ и колледжым и къудамэм и егъэджакlуэ, лъэпкъыбзэ зэпеуэхэм я лауреат, КъБР-м и Музыкэ театрым и уэрэджыкlакlуэ Саенкэ Евгение, институтым оркестр Iэмэпсымэхэмрэ камернэ ансамблымрэ, концертмейстер Iэзэгъэмкlэ и кафедрэм и унафэщl, Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм щыхъ зиlэ и артисткэ, лъэпкъыбзэхьэзэхуэкlэ я лауреат Мокаевэ Алинэ, фортепианэмрэ методикэмкlэ кафедрэм и егъэджакlуэ нэхъыжь, урысейпсо лауреат Хьэгъундокъуэ Аидэ, институтыр къэзыуха уэрэджыlакlуэ Жабоевэ Замирэ, КъБР-м щlыхь зиlэ и артист Бэч Азэмэт, Музыкэ театрым и уэрэджыкlакlуэхэм, институтым и хорым илъэс 30-рэ хэхуэ щlэнхабзэмрэ студентхэм. Пшыхьым щагъэзэщlащ Чайковскиr Пётр и лэжьыгъэ цlэрыlуэхэм щыщ. КъБР-м и Музыкэ къэрал театрым, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтымрэ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкlэ и колледжымрэ я хорхэм зэдагъэзэщlащ Хосровэ Тамерлан Мыд Мадинэ хуитха Iыхьилгл хъу сюитэр. Дирижёрыр КъБР-м и Музыкэ театрым и хормейстер нэхъыщхьэ, Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым уэрэджыкlакlуэ гъуазджэмрэ дирижировавэмкlэ и кафедрэм и егъэджакlуэ Дзыгъуанэ Заретэщ.

2018 гъэм накъыгъэм и 4-м егъэджакlуэр зэуэзэпсэу дунейм ехыжащ. 2018 гъэм щэкlуэгъуэм, институтым и щэныгъэхэмкlэ и советым хэтэхэм я унафэкlэ, Мадинэ и фэеплъу, ар щылэжьа хор класхэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и дирижёрэхэм я зэпеуэ абы къэзыргъэпэщащэ абрэ и цlэр зэрахьэ. Къыжьlапхъэщ, Мыд Мадинэ къызэралъхурэ илъэс 60 щрикъум ирихьэлlэу институтым и сценэм къыщlэкlащ.

Пшыхьыр къызэрагъэпэщащ Мыд Мадинэ и лэжьэгъухэм, институтым и егъэджэныгъэ къудамэм и унафэщl, лъэпкъыбзэ зэпеуэхэм я лауреат Жэплуевэ Лейлэ я пашэу. Абы зыкъраГъэхьэлlащ Мадинэ и лэжьэгъуу, и лэжьэгъуэ щlэпхъэджэхэу къызэрыкlуам зэрыпыщlар, **маркировкэхэр темыту адэкlэ ирагъэкlын мурад яlэу**.

ДЗЭПЫКЪУЭ районым къыщагъэтащ фадэхэкl нэпцlхэр щэхуу щагъэхьэзыр цех. Абы къыщыгрохащ ирагъэкlыну хьэзыр, спиртхэкl зэрыт, федеральнэ маркэхэмрэ акцизхэмрэ зытемыт птупхэ мини 7,8-м щlигъу, сом мелуани 2,3-м щlигъу и уасэ.

Уголовнэ lэхъу къэлэтащ УФ-м и УК-м и 171-нэ статьям и 2-нэ lыхьэм и «в» пунктым ипкъ иткlэ. Апхуэдэ щlэпхъэджагъэ зылэжьар илъэси 5-м нэскlэ ягъэтlыс.

Псалъэмакъ щхьэпэ драгъэкlуэкlащ

Республикэм и прокуратурэм Налшык къалэм и курыт еджапlэ №29-м прокуратурэ лэжьыгъэм хэушъэтlа и классхэм щlэсхэм зэlущlэ ядригъэкlуэкlащ.

ПСАЛЪЭМАКЪ щхьэпэр иригъэкlуэкlащ къэралым шынагъуэншагъэр къыщlэзгъэпэщыным, лъэпкъхэм я зэхущlытыкlэр егъэфlэкlуэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ пэщlэтыным техуэ хабзэр гъэзэщlэным кlэлъыплъынымкlэ къудамэм и прокурор Бэрсэдж Алан.

Зэlущlэм щытепсэльыхьащ иджырей зэманым экстремизмэмрэ терроризмэмрэ къыздэкlуеящ щlыкlэм, абы балигъ мыхъуахэр зэрыхашэм, экстремист тхыгъэхэр, нэгъуэщlхэри зэрызэбгрэхьым.

Еджакlуэхэм хэхахуэ гу лърагъэтащ дзыхьщlыгъуэхэм ухэпщыпхэм ирихьэлlэмэ, сакъыу икlи набдзэгубзаплъэу щытын зэрыхуейм, экстремист хъыбархэр зэбгрезыгъэх интернет-ресурсхэм техуэуахэр хабзэхъумэ lэнатlэхэм и чэзуми зэрагъэгъэхьапхъэм.

Шыколакlуэхэм я куэдт зытепсэльыхьым техуэуа уплщlэхэр икlи а псоми жэуап зэпкърыха кърагъащ.

БАХЪСЭН Ланэ.

● Спорт хъыбархэр

Мэкъуауэ Силинэ псоми ятокlуэ

Къыргызыстаным и къалащъхьэ Бишкек щекlуэкlащ мас-рестлингымкlэ дунейпсо чемпионатрэ пашэныгъэр къэхьыным хуэунэтlа зэхьэзэхуэрэ. Абы хэтащ къэрал 22-м я спортсмен 300-м щlигъу.

УРЫСЕЙ Федерацэм и командэ къыхэхам хэту абы щыlащ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ Мэкъуауэ Силинэ икlи пашэныгъэр къэхьыным хуунэтlа зэхьэзэхуэм щекlуэкlащ. Дыщэ медалыр къихьын папщlэ адыгэ пщащэм тригъэкlуэтащ Монголиемрэ Узбекистанымрэ я лыкlуэхэр. Силинэ зыкъыщигъэлъагъуэр зи хьэлъагъыр килограмм 50-м щlимыгъуа спортсменхэр зыхэт гупырщ.

Екlуу зыкъыщагъэлъагъуэ

Олимп джэгухэм я чемпион Умаханов Мурад и сагъэстыр къэхьыным хуэунэтlауэ щэкlуэгъэлъэн и 28-30-хэм Дагъыстэным и Хасавюрт къалэм щекlуэкlащ щылэгъуэлэн бэнэкlэ хуитымкlэ я урысейпсо зэхьэзэхуэ. Абы щызэпеуащ къэралым и щыналъэ куэдым я бэнакlуэу 150-м щlигъу, я ныбжьыкlэ илъэс 21-м щlимыгъуауэ.

КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭРЫМ и спортсменхэм зэхьэзэхуэм ехъулlэныгъэхэр щалащ икlи медалищ абы къыщахьащ. Я хьэлъагъ елъытауэ зыхэта гупхэм япэ уфlэкlащ щабыдащ Хасауов Смаилрэ (кг 74-рэ) Ехъулlэ Аэзмэтрэ (кг 97-рэ). Ещанэ уфlэкlэр зэпеуэм къыщыхьащ Тхъэлыджокъуэ Сослъан. Ар килограмм 74-рэ зи хьэлъагъэм яхэту мэбанэ.

АЛЬБЕРДЫКЪУЭ Iэмин.

Лэжьыгъэм кърикlуахэм ироплъэж

КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкlыным кlэлъыплънымкlэ и управленэм щытепсэльыхьащ «Щlэблэ узыншэ-2024» ведомствэхэм здэщlыхуэ егlуэнэ Iыхьэм кърикlуахэм.

КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щlэныгъэмкlэ и министерствэм къызэриткlэкl, абы хигъэдзу наркотикхэкlэхэмрэ акъылыр зыгъэзытхъуэ пкъыгъуэхэмрэ зэмыхьэлlэныем хуэзыщlыкlэ Iэзу 3000-м щlигъу ирагъэкlуэкlащ. Абыхэм ящыщщ класс сыхьэтхэр, спорт зэпеуэхэр, адэ-анэ зэхуэсхэр, апхуэдэуи стlол хъурей экlуэкlын итуекlуэкlа лекцэхэмрэ зэпсэльэныгъэхэмрэ. Абыхэм кърихьэлlащ школлакlуэхэ студенту мин 56-м щlигъу, адэ-анэу 1500-м нэблагъэ.

«Щlэблэ узыншэ-2024» Iэхъуэ егъэкlуэкlыным хэтащ КъБР-м щыIэ МВД-м Наркотикхэр зэрызэблагъэкlыным кlэлъыплънымкlэ и управленэм, уголовнэ хэлъхьэныгъэмкlэ, балигъ мыхъуахэм я Iэнатlэхэм я лэжьакlуэхэр, Урысей МВД-м районхэм щlэ къудамэхэм я участковэхэр, апхуэдэуи КъБР-м щыIэ УФСИН-м и лэжьакlуэхэр, министерствэхэр ведомствэхэмрэ я лIыкlуэхэр.

Полицейхэмрэ Узыншагъэр хъумэнымкlэ министерствэм и лэжьакlуэхэмрэ и студентхэми.

Балигъ мыхъуахэмрэ щlалэгъуалэмрэ куэду щызэхуэс щlыкlэр, абы балигъ мыхъуахэр зэрызэгъэпэщынымкlэ, наркотикхэкlэхэмрэ акъылыр зыгъэутхъуэ пкъыгъуэхэмрэ щрагъэкlмэ къыщlагъэщlын папщlэ.

Апхуэдэуи къапщытащ транспорт Iэнатlэ 23-рэ, абы щыкlэ Iэзэ къызэралъхьащ, 13, аэропортыр, гъущl гъуэгу вокзалыр, сату щlалIэр 100-м щlигъу.

Наркотикхэр хабзэншагъэкlэ игъэкlыным пыщlа хъыбархэр щызэбграгъэх интернет-сайт 33-рэ къэгъэщlащ. Абыхэм ятеуухуа тхыгъэхэр «Роскомнадзор»-м хуагъ